


NDAKAMBONZWA

ASI ZVINO NDAONA

 Garai pasi. Zvakanaka kudzokazve manheru ano. Tichitenda kuti tine mukana uyu zvakare wekushumira Ishe. Zvino mushure mokukuchengetai kwenguva yakareba manheru apfuura, ndinofunga kuti zvinenge zvisina kunaka kukuchengetai kwenguva yakareba zvakare manheru ano.

² Ndanga ndingori kumashure uko ndichinzwa imwe hama yatinobatirana nayo, munaShe, uyo achangobva kuIndiana, akadenhwa nechiroto chisinganzwisisike. Haana kumbobvira akambova muShreveport kumashure, muhupenyu hwake. Asi akarota, pane umwe usiku, kuti akauya kuShreveport, kwete nemotokari yake. Akauya ne...kana kuti akauya pamwe panzvimbo, kune imwe chechi pandainge ndiri kutaura. Ati, mushure mokunge ndaparidza nokunamatira vanhu, ndakati, “Chimwe chinhu chiri kuzoitika.” Ati, iye “akadzoka zuva rakatevera.” Zvino ati, iye “aiziva chivakwa, maratidzikiro acho.” Ndokuti, “Pane—pane civic odhitoriyamu mhiri kwemugwagwa, asi havana kumbopinda muodhitoriyamu iyi.” Ndokuti, “Yaive kune divi iri, muchivakwa chematombo chaive nenzvimbo inogarwa, uye chivakwa ichi chaive chakangomira sezvizvi.” Zvino uyu—uyu mukomana muroti, ndakaona zviroti zvake uye ndokuziva kuti ndezvechokwadi.

³ Zvino ati—zvino ati, “Zvino pausiku hwekupedzisira” kuti ini “ndakanga ndiri kutaura pamwe nokunamatira varwere.” Zvino ndakati, “Chimwe chinhu chave kuda kuitika.’ Uye zvakanzwicka sekurira kwemutinhimira.” Uye ndokuti, “Vanhu vakatanga kuchema.” Uye ndokuti, “Zvino kutinhira pakwakatanga kuenda, saka,” ndokuti “Kwakaita inzwi, ndokutanga kutaura.” Ati, “Kutaura kuya kwaifamba, nepamasimbi aya (mahwindo kumusoro kuno) kwakauya Kubwinya kwaMwari, kuchipinda mukati, kuri muchimiro cheShongwe yeMoto.” Haasati amboIona. Akatinzwa tichitaura nezvaYo, asi haasati amboIona pachake. Zvino ndokuti, “Heyo Iyo payaiva, ndokuuya nepamahwindo ndokukwira saizvozvi, zvino ndokugadzira Chiedza chiya sechamunoona mumufananidzo, nepamusoro chaipo peungano pano.” Uye ndokuti, “Yakanga iri kuita ruzha rwekutaura chimwe chinhu.” Uye ndokuti, ini “ndakamira, ndokuti, ‘Uyo ndiJehovha Mwari.’”

⁴ Zvino ndokuti iye “akarangaridzwa nezve (paakanga ari kufunga nezvaYo) apo Mosesi akadana...akabuditsa vanhu

kubva muEgipita. Zvino vakati, ‘Regai Mosesi ataure, uye kwete Mwari, zvimwe tingafa.’”

⁵ Iye ndokuti, “Munhu wese akanga akarara pasi, maoko avo ari mudenga, vachidanidzira.” Ndokuti iye “akanga ari kudanidzirawo, zvakare, ‘Ishe Mwari, ndinoKudai! NdinoKudai!’” Zvino mudzimai wake akamuzunguza ndokumumutsa.

⁶ Ndiri kumuona achidzika nepanofambwa napo iko zvino, Hama Jackson, aimbova muparidzi weMethodisti. Zvino anga akakanganisika zvikuru, kusvikira akazouya kuno; zvino ndokuti paafamba achipinda, iye “akatyamadzwa zvikuru,” chaizvo izvo semaonero aakanga azviita muchiroto. Handizive zvazvinoreva. Ishe havana kuzvipa kwandiri. Asi chimwe chinhu chinogona kuitika, tichiona kuti Hama Jackson vakazvirota, tichivaziva semunhu akatendeka, wemazvirokwazvo—wemazvirokwazvo, muranda waMwari.

⁷ Uye ndi—ndinovaziva vachirota zviroto, vachiuya kwandiri, uye Ishe vaindipa dudziro, zvichiva zvakangoita saizvozvo. Kunyange pane, imwe nguva, kuenda kwangu kuArizona, vakawana chiroto chaizvozvo.

⁸ Zvino vakakanganisika zvikuru. Vari pamwe chete nemudzimai wavo, vauya naye. Vari kuzosununguka nenguva isipi, uye nzira yoga yavaikwanisa kuenda nayo kwaiva kuenda nendege. Vakanga vasina kana kobiri rokuuyisa, zvino mumwe munhu akavapa mari yacho. Uye saka zvakanatsoshanda nenzira isinganzwisisike, kuitira kuti chimwe chinhu chigoitika; tinotarira kudaro. Hatisi kungonyatsoziva izvo zvatichipiwa naShe.

⁹ Zvino, tinotenda Ishe kunge tiri kurarama muzuva rino ratiri kurarama mariri, kudzoka kwaJesu kwave kutosvika. Sokutaura kwandakamboita kare, ndiyo nguva hurusa munhoroondo yose. Ndingasva hangu ndararama munguva ino pane imwe ipi zvayo nguva, ku . . . panyika.

¹⁰ Ndiri kuona pano pamberi pedu, zvakare manheru ano, pane shamwari yangu yakanaka, Hama Dauch. Ndataura nezvavo muodhitoriyamu mangwanani ano. Hama Dauch vane makore makumi mapfumbamwe nematatu okuzvarwa nhasi, zvakaropafadzwa zvakadini. Vanopa hupenyu hwavo hwakareba pakupa mbiri nokurumbidzwa kwaMwari, makumi mapfumbamwe nematatu nhasi. “Makorokoto eBhavhadhe” kwamuri, hama yangu! Uye ndinoziva kunze, nezasi, nekwakapoteredza uko kwavari kuteerera kuno manheru ano, vanoshuvirawo Hama Bill Dauch mumwe “Makorokoto eBhavhadhe.” Ivo ishamwari chaiyo yepedyo yaOral Roberts, vakawanda, vakabatsira vakawanda munzira yeEvhangeri, nezvimwe zvose. Ishamwari yedu huru.

¹¹ Tinofara kuona Hama Mann pano, mumwe muparidzi wechiMethodisti, akaponeswa ndokubhabhatidzwa neMweya Mutsvene, uye nemuZita raJesu Kristu, agere pano. Variwo, zvakare, mumwe wevanobata pamwe chete nesu anobva kuIndiana. Uye ndinonzwisisa kuti Hama Hickerson vagere pedyo navo, mumwe wemadhikoni edu anobva kuJeffersonville, Indiana (vari kuteerera kuno kumusoro ikoko manheru ano). Uye ndinonzwisisa kuti Hama Wheeler, mumwe wemamwe madhikoni edu pane pavari muno. Uye ini—ini handisati ndavaona pavari pari zvino, mumwe munhu ari kunongedzera munwe wake uko zvino ndichavabata mushure mechinguvana; vagere uko, necheuko kurudyi, hongu.

Hama Banks Wood, kana muri kuteerera manheru ano, mukoma wenyu aive pano zuro manheru. Ndakamuona pandaibuda, Hama Lyle. Jehovah Witness; boka rose rakatendeuka. Lyle akaunzwa nokuda kwechiratidzo chakabva kunaShe.

¹² Lyle akanga akagara muigwa ipapo nezuya iro riya, apo zuro wacho akaudzwa kuti “chimwe chinhu” chakanga “chiri kuzoitika maererano nokumuka kweupenyu.” Aive muJehovah Witness wemazvirokwazvo, zvakare! Asi mangwanani aya, agere ipapo, achiraura, zvino akabata...Saka, akanga aine zirauro, guru (riya remhando yekuKentucky, munoziva)... guru zvino kahove, kaduku kakarimedza. Zvino akangodhonza nyama dzemushaya, nematumbu nezvose kunze, ndokuikandira kunze mumvura (kahove, kaduku kesunfish), zvino akati, “Saka, muchinda muduku, wapfura bara rako rokupedzisira.” Iyi duku...ichipidiguka-pidiguka pamvura, yakafa, mhopo ndokuifuridzira mukati memamwe mahapa.

¹³ Uye nezuro wacho, takagara, ndakati, “Mweya Mutsvene uri kundiudza kuti ‘pachava nerumuko rwekamwe kamhuka kaduku.’ Zvichida pachava nemwana weka—katsi, kana ndichinge ndadzokera kumba, nokuti zvakango...”

¹⁴ Patanga tiri kuedza kuchera zvokuraurisa hove, Hama Wood pamwe neni, avo vari kuteerera manheru ano, musikana wangu muduku uyo ave chimhandara agere pano, akavimbisana nemusoja murefu. Pavainge...Akauya, akati, “Baba...” Iye nemumwe musikana muduku, ndokuti, “Isu...” Zvino, chero munhu upi zvake anogona kugara nechero mhando yemhuka yaanoda, asi ini zvirokwazvo handidi katsi, saka iye...kana kuti hapana muBranham. Saka isu...iye akati, “O, tawana katsi inonzwisa urombo kunze uko, Baba. Ya—ya—yadya chimwe chinhu uye yave...mumwe munhu aipa chepfu, yakazvimba zvikuru.” Akati, “Baba, iri kuzofa iye zvino, tinogona kuwana here bhokisi duku zvino toichengeta kwezvimazuva?”

¹⁵ Ndakati, “Regai ndione katsi yacho.” Zvino, vakaenda ndokunitora katsi yacho. Ndakaona zvakanga zviru kuzoitika, saka ndakamupa bhokisi. Zvino mangwanani akatevera, maiva

nevana vekatsi vanenge vanomwe kana vasere imomo, munoziva. Saka mukomana wangu muduku, Joe, akasimudza kamwe kacho mudenga, ndokukadzvanya nokukadonhedzera pasi; uye ndokungo—ndokungo . . . kamuchinda kaduku aka kakarara ipapo kachingozvonyongoka-zvonyongoka, akakauraya.

¹⁶ Zvino ndakati kune Hama Lyle, mukoma wavo, ndakati, “Munoziva, zvinogona kuitika kuti pamwe kamwana kekatsi kaya kachamutswa, sokuona kwataita Ishe vachiita zvinhu.”

¹⁷ Hama Lyle, vachingori vatsva mukutenda. Mweya Mutsvene wakanga uchangovaudza kuti vaive vakarooro, uye nezvavakanga vaita, nezvakaipa zvavainge vaita, zvinhu zvavakanga vaita. Saka, vakafunga kuti Hama Banks vakanga vari kundiudza zvinhu zvacho. Asi paWakanyatsomufumura, zvino ndokumuudza zvaakange aita usiku hwapfuura, zvakabva—zvakabva zvamukurira. Akatadza kuzvibata.

¹⁸ Zvadaro, mangwanani akatevera . . . Patairaura usiku hwese, notuhove tuduku, tainge tichibata tumwe tweekaurisa. Asi akangokandira kahove kaduku aka mumvura, ndokugwinha-gwinha, ndokupinduka. Kuda hafu yeawa yakatevera takanga takagara ipapo, uye ndakanga . . . ndakati, “Hama Lyle, marega hove ichimedza chirauro dzamara chasvika zasi mudumbu rayo. Maona?” Ndakati, “Torai shinda yechirauro pano, ikandirei nepamusoro, pechokuraurisa sezvizvi; painongochibata,” ndakati “zvino ingorambai makaibata uye zvararo mozoionza mukati.” Ndakati, “Iye . . . musaidhonzere kunze saizvozvo, haichimedze, munobata hove yacho.”

¹⁹ Ivo ndokuti, “Zvakanaka . . .” Vaiva nezishinda, guru rokuraurisa raive rakaremba, ndokuti, “Aya ndiwo maitiro atinozviita,” sezvizvi.

²⁰ Saka, sezvinenge nguva iyoyo, ndakanzwa chimwe Chinhu chichibva nepamusoro pegomo kumusoro ikoko, chamupupuri, chakanga chichitenderera-tenderera. HeChinoi chakauya zasi saizvozvo, zvino Mweya waMwari wakauya pamusoro peigwa, ndokuti, “Simuka umire netsoka dzako.” Ndokuti, “Taura kuhove iyo yakafa. Iti, ‘Ndinokudzosera upenyu hwako.’”

²¹ Zvino hove duku iya yakanga yakarara ipapo kwehafu yeawa, hura hwayo huri mukanwa mayo, nenyama dzemushaya. Ndakati, “Kahove kaduku, Jesu Kristu akudzosera hupenyu hwako. Rarama, nemuZita raJesu Kristu.” Kakapidiguka nemusana wako, zvino ndokudzika nemumvura ndokuenda kachimhanya sokukwanisa kwako kwese.

²² Hama Lyle, pane pamuri here pano? Nda—ndakakuonai nezuro manheru. Kunyangwe vari mukati, kunze, kana chero pavari, simudzai ruwoko rwenyu kuti ndigokuonai. [Mumwe munhu muungano anoti, “Bharikoni.”—Mupepeti.] Mati kudini? Mubhar-. . . O, hongu, kumusoro-soro mubharikoni,

nemumahwindo kumashure uko. Ndiye munhu wacho, weJehovah Witness.

²³ Vakati, “Hama Branham!” Vakanga vari mukushamisika kwazvo, vakati, “Uh, zvaka—zvakanaka kuva pano. Handizvo here?” Vakati, “Uh-huh, muno—muno... Uh, munofunga here kuti zvanga zvichirevera ini, kuti—kuti—kuti, kuti ndadana kahove kaduku kaya, ndikati, ‘Wapfura bara rako rokupedzisira?’” Ndokuti, “Izvozvo—izvozvo—izvozvo zvarevera chimwe chinhu kwandiri here?”

²⁴ Ndikati, “Kwete, kwete, kungori kusimbisa.” Vakanga vachinetsika nokuda kwazvo.

²⁵ Saka, patinofamba zvino woona zvinhu izvozvo zvichiitika, uchiziva... Zvino, chingofungai, chii chazvairatidza? Ndaiva nevana vakawanda vanogwinha vakanyorwa pamutsara wekunamatirwa, ndichiunamatira, asi chiratidzo pachakauya chaive chekahove kaduku kakareba kuda sezvizvi, kakareba kuda mainchi maviri kana matatu. Zvairatidzika sokunge chirauro chaive chakakura sezvaive zvakaita hove yacho. Asi zvazvaiva, kwaive kukuratidzai kuti Mwari vanotarisa kune zvinhu zvidukuwo zvakare. Maona?

²⁶ Rimwe zuva vanhu vane maperembudzi vaive varere vakatekeshera munyika yose, Vakashandisa simba raVo ndokuisa chituko pamuti. Wakatanga kusvava, apo painge paine vanhu varere kwese-kwese vachida simba irori rokupodza. Asi, muri kuona, Vaida kuratidza kuti iVo ndiMwari pamusoro pezvinhu zvose, zvingave zviduku, zvingave zvikuru, chero zvazvingave. Vachiri Mwari pamusoro pezvinhu zvose, zvisikwa zvose. Saka tinoVada nokuti... Zvi—zvinotipa kuziva kuti, kana vaine hanyin’a yokutaura Shoko reupenyu kukahove kaduku kasina hako basa kaive kakarara ipapo kakafa, pamvura kwehafu yeawa, Vanokwanisa zvirokwasvo kutaura Upenyu muvana vaVo. Zvisinei kuti mutumbi wako haudarike chipunu cheguruva, Vachataura, uye tichaVapindura rimwe zuva. Ivo ndiMwari aVo vane hanyin’a nezvinhu zvose, zvose zvatinoita, zvose zvatinoitaura, zvose. Vane hanyin’a.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu, kwese-kwese.

²⁷ Handizive zvino, tisati tanamata, kana paine mumwe munhu manheru ano vanoVafarira, asi nazvino hausati wazvichengetera nzvimbo yekune imwe nyika kwatichazoVaona. Unoziva, kuti haukwanise kupinda imomo usina kuchengetesa nzvimbo. Uye hausati wati wazviita, asi unoda kurangarirwa mumunamato zvino, kuti zvinhu zvose zvichagadziriswa pakati pako naMwari manheru ano, ungasimudza ruwoko rwako here; unoti, “Ndirangarireiwo, Ishe”? Uri... IngoMurega aone ruwoko rwako. Mwari, zviitei.

²⁸ Baba voKudenga, apo takamira manheru ano pakati pevapenyu nevakafa; nezvinhu izvi zviru kuitika mazuva ano,

zvisinganzwisisike, ichokwadi hazvinzwisisike; asi Mwari, Munoziva kana zviri zvehokwadi kana kuti kwete, ndiMi Mutongi akayereswa wematenga nenyika. Uye tinotaura izvi, Ishe, kungokurudzira vanhu (zvimwe zvezvinhu izvo iMi makatiratidza), kuitira kuti vakurudzirwe kuKudai nokuKutendai, kuKushumirai, uye nokuziva kuti hazvinei kuti chaitwa chacho chidiki zvakadini, chakanaka kana chakaipa, Munozviona. Ndinonamata, Mwari vanodikanwa, kuti Mucharopafadza rimwe nerimwe remawoko aya manheru ano, uye nemunhu wemukati nemweya wakurudzira kuti ruwoko urwu ruwende mudenga. Uye ndinonamata, Mwari, kuti uno ndiwo uchava usiku uhwo pachaitwa chengetedzo dzavo dzenzvimbo muNyika iri mhiri kwerwizi. Zviitei.

²⁹ Podzai vanorwara nevanotambudzwa, Ishe, vose pano, vose kunze kwese munyika uko nhe—nhe—nhepfenyuro kubudikidza nenhare dziri kupinda. Ropafadzai avo vari kunze uko vasati vaponeswa, nzira yose kubva kuCalifornia kusvika kuNew York, kubva kuCanada kusvika kuMexico. Itai, Ishe, kuti munhu wese ari pasi peruzha rweinzwi redu, manheru ano, vachaponeswa kubva kuzvivi zvavo, vagopodzwa kubva kuhurwere hwavo, nokuda kweHupo hweNyu hwaMwari.

³⁰ Uye uyu wedu Hama Jackson, uyo wabhururuka nzira yose kuuya zasi kuno chiuru chemamaera, kuti vazova pano nokuti chimwe chinhu chadenha moyo wavo zvisinganzwisisike; “Uye vacharota zviroti, nokuona zviratidzo.” Mwari vanodikanwa, Mazvichengeta chiri chakavanzika kwandiri, zvazvinoreva; handizive. Asi kana Muchatishanyira, Ishe, gadzirirai moyo yedu zvino kuitira kushanya uku. Kutu tigova pasi pekutarisira, tisiri kuziva zvaMuchaita, uye tisingazive kana Mavimbisa kutishanyira nechiroto ichi; hatizive. Asi tiri—tiri kungotaura tichidzokorora zvinhu izvo zvatinonzwisisa, kuti Makavimbisa kushanyira vanhu veNyu, uye tinonamata kuti MugoZviita mazvirokwazvo kwatiri pano. NemuZita raJesu Kristu tazvikumbira. Amenii.

³¹ Zvino, manheru ano, mushure mokukuchengetai kwenguva yakareba zvakadaro manheru apfuura nemangwanani ano, zvino ndave kuita sokuti shoshomerei. Ndine chibenga chiduku chevhudzi chandinacho, chandinopfeka pane mhanza yangu *pano* kana ndichiparidza. Asi ndachikanganwa nguva ino, zvino mhengo iyi, iri kupfuura nemumahwindo aya, yatanga kundipa ka—kakushoshomera zvishoma. Ndaimbo...Ndaitozovhara misangano, asi kubvira pandakawana ichi, zvadaro handinetseki nayo zvachose, ndinongoenda mberi. Zvino ndakachikanganwa, uye chaka...Ndine...ndinoita sokuinzwa, saka minamoto yenyu tichaikoshesa. Uye zvino, aya masevhisi maviri zuva rogaroga, ayo avari...kuita sokunge...Munoziva, kana uchinge wafamba mamaera akawanda, zvino...unogona kuzviona.

³² Zvino kunemi vanhu vari muCalifornia, nekunze uko muArizona, tose tinotumira kwaziso kunyika yose. Hama Leo neboka rakamirira panaShe kumusoro uko kuPrescott, vakokwa zvino, nemi mose vanhu makapoteredza Phoenix, svondo rimwe chete kubva manheru ano, tichange tiri uko kuYuma pamabiko. Vatengesa matikiti avo ose ikoko uye vawana imwe odhitoriyamu yakadarika pakukura, uye havakwanise kuisa vanhu. Saka kasikai kuuya, imi mose, kuti—kuti mupinde mukati. Zvino tiri kuzoenda kuLos Angeles tichibva ipapo, Muvhuro unotevera . . . Svondo inotevera, Mugovera manheru. Uye saka tiri kutarisira kukuonai mose ikoko. Maropafadzo akapfuma aMwari azorore pamuri.

³³ Kunemi muri kuNew York, uye nemi muri uko kwakapoteredza muOhio nenzvimbo dzakasiyana-siyana, nenguva iyo pandichada kuparidza Mharidzo ye*Muhwezva WeNyoka* (chikara pakutanga, nechikara pakupedzisira), patabhenakeri. Billy achakutumirai karugwaro kezvazvo, patichange tiri kuzoitaura, nokuti ndinozviiita muTabhenakeri nokuti ichange, ichitangira, pamaawa mana kana kudarika pakureba.

³⁴ Saka zvino . . . saka ndiri kuda imi pano, pano nekwese kwamuri iye zvino, kuzarura kuBhuku raJobho. Bhuku risinganzwisisike zvikuru kuparidza kubva mariri, asi ndiri kungoda kushandisa zvinyorwa zvishoma pano zvino.

³⁵ Uye zvino, mangwana mangwanani, pano patabhenakeri, pachange paine shumiro yeSunday School pa . . . Tinotanga pano nenguvai? [Mumwe murume anoti, “Nine-Thirty.”—Mupepeti.] Nine-Thirty. Uyezve ndine mukana wekuperidza pano zvakare mangwana. Uye Ishe vachitendera, ndanga ndichida kutaura pamusoro pechidzidzo . . . kana iVo vachida, iye zvino, sokunzvera kwandanga ndiri kuita masikati ano, kukuratidzai kuti, “Pane nzvimbo imwe chete bedzi apo Mwari vanosangana nemunamati.” Uh-huh, bedzi . . . Uye—uye nokugona kukutaurirai kuti nzvimbo yacho ndeipi, uye kuti Zita renzvimbo yacho nderipi, apo Mwari vanosangana nemunamati.

³⁶ Uyezve, mangwana manheru, ndichakumbira fevha, iyo, yeshumiro yekupodzwa. Uye ndi—ndinoda shumiro yakare yekupodzwa. Uye kana Ishe vachitendera, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chandikatyamadza kwazvo nhasi . . . Apo Hama Moore neni patanga tiri kukurukura pamwe chete, hama dzangu dzakakosha, tanga tiri kukurukura Magwaro. Uye zvanga zvakana zvakadini kuva pamwe chete nehama idzi, senguva dzakare. Zvino vati, “Munoziva, Hama Branham, kuparidza kwese kwamakambotiitira muno muShreveport, *Gwayana NeNjiva* ndiyo yakava imwe yemharidzo dzakatsaurwa dzamakambotivigira kuno kuShreveport.” Ndokuti, “Ndinofungidzira kuti sezvo Mharidzo

yenyu iri mutoro mukuru kwazvo kwamuri nhasi, hamufi makasvika pane yakadaro.”

³⁷ “Ndikapotsa iYoyo, ndapotsa Mharidzo yangu.” Rudo ndirwo rangu . . .

Gwayana rinodikanwa riri kufa, Ropa reNyu
rakakosha

Harizorasikirwa nesimba raro,
Kusvika Chechi yose yaMwari yakadzikinurwa
Yaponeswa, zvekuszotadzazve.

Kubvira nokutenda, pandakaona hova
Maronda eNyu anoerera ropa achipa,
Rudo runodzikinura rwave dingindira rangu,
Uye zvichava saizvozvo kusvikira ndafa.

³⁸ Mangwana manheru, kana kuri kuda kwaShe, ndiri kuda kuparidza pachidzidzo che: *Pamapapiro ENjiva Chena Sechando*. Mangwana manheru, “Ishe vachiburuka pasi vari pamapapiro eNjiva,” ndokunge, kana Ishe vachitendera, inzwi rangu risina kuzonyanya kuipa. Zvino . . . saka, tinamatireiwo.

³⁹ Uye zvadaro ndinoda shumiro yemunamato yechinyakare seyatakava nayo pakutanga, pasina kunzvera zvakavanzika, kungopa saizvozvo kadhi kune munhu wese anoda kunamatirwa. Zvino, unofanira kuva nekadhi, saka kasikai kusvika pano kuitira kuti Billy agokupai kadhi uye nokuuchengetedza uri mumutsara. Kana mukasadaro, vanhu vanoramba vachingodzoka, nokungodzoka, nokungodzoka, zvino hapazova nemagumo kumutsara wacho. Chero munhu upi hake anokwanisa kuwana kadhi. Ndinoda Hama Jack kuti vamire neni pamutsara wemunamato, sezvamaimboita, uye Hama Brown vagounza vanhu kwandiri panzvimbo yaBilly Paul. Ndi—ndi—ndi—ndinoda—ndinoda mutsara wekunamatira wechinyakare, zvino tichangonamata nenzira yataizviita nayo makore apfuura.

⁴⁰ Ndinofara manheru ano kuva neimwe hama yatinobata pamwe chete nayo pakati pedu, ndangotarisa kwese-kwese ndokuvacherechedza uye nokuvaona, maminiti mashoma apfuura, Hama Gordon Lindsay. Ndiye mumwe wevatendi vekare, vakanga vainesu kare-kare. Vari kuita basa rakakura kwazvo, kudhinda mabhuku, vari kudhinda bhuku rangu zvino: *Ma—Mazera Manomwe Ekereke*. Tinotarisira kuti richange ravepowo zvakare, *Zvisimbiso Zvinomwe*. Kana zvikaitika kuti vanoriverenga vasati varidhinda, tichava nehurukuro yedzidzo yebhaibheri. Ndiri kungozvinzwa zvichiuya. Asi vanoziva kuti handisi mudzidzi webhaibheri. Saka . . . Zvino, tiri kutarisira kuusiku hwamangwana. Kana muripo, Hama Lindsay, ivai pano mangwana manheru. Kana muripo, uyai kuno zvino mozova pamwe chete nesu papuratifomu kuitira shumiro yemunamato yechinyakare.

41 Vangani vanoda kuona imwe yenguva dzechinyakare zvakare, apo patinounza vanhu kumusoro? Zvichange zvakanaka. Zvino, unzai varwere venyu nevanotambudzwa, mangwana manheru, kuitira chinangwa ichocho zvino.

42 Zvino, kana mawana Bhuku raJobho, ndima 42...kana kuti chitsauko 42, uye mavhesi okutanga matanhatu echitsauko 42 chaJobho; zvinoshamisa kwazvo. Hama Ted Dudley, kana makateerera kuno manheru ano, uko kuPhoenix, munorangarira imi neni tichitaura pane imwe nguva, kuda vhiki kana maviri apfuura, uye takataura pamusoro pazvo? Ndakakuudzai, “Rimwe zuva zvichazova chidzidzo chemharidzo kwandiri.” Zvino ndinoda kuzvishandisa manheru ano.

Ipapo wakapindura...

Ipapo Jobho wakapindura JEHOVHA, akati,

Nyatsoteereresai pakuverenga uku zvino.

Ndinoziva kuti imi munogona kuita zvose, uye kuti hamuna kupokana kungadzivisa chamunovavarira.

Ndiyaniko uyu anodzikatira zano raMwari asine zivo? naizvozvo ndakataura zvandakanga ndisinganzvisisi; zvinhu zvakandishamisa kwazvo, zvandakanga ndisingazivi.

Chidonzwai henyu, ndakukumbirai, nditaure ini: ndichakubvunzai, imi mundidudzire.

Ndakanga ndanzwa nezvenyu nokunzwa kwenzeve: asi zvino ziso rangu rakuonai.

Saka ndinozvisema, nokuzvidemba muguruwa namadota.

43 Zvino ndinoda kutora chidzidzo kubva mundima 5 iyi.

Ndakanga ndanzwa nezvenyu nokunzwa kwenzeve: asi zvino ziso rangu rakuonai.

Dai Ishe varopafadza Shoko raVo.

44 Jobho, ngatitorei zvishoma zveupenyu hwake. Jobho aiva muporofita. Aiva murume akararama kare-kare Bhaibheri risati rambonyorwa. Zvinofungidzirwa kuti Jobho ndiro rimwe remaBhuku ekare-kare emuBhaibheri, nokuti Rakanyorwa Genesi asati anyorwa. Jobho, mhare huru iyi pamwe nemuporofita, aiva murume mha—mhare muzuva rake. Pasina kupokana akanga akudzwa nokushumira Ishe hupenyu hwake hwese. Uye akanga ararama hupenyu hwehumhare kuvanhu, vose vaiva noruremekedzo kwaari.

45 Asi akanga asvika panzvimbo apo paanoti pano, ari *kuyedzwa* naIshe. Asi ndinoda kushandisa shoko, kunge ari “kuongororwa” naIshe. Uye chokwadi, “Wese mwanakomana anouya kuna Mwari anofanira kutanga aongororwa, agoedzwa, agodzidziswa semwana.” Zvino kana kuyedzwa kwaomarara,

uye tofunga kuti kwanyanyisa kuoma zvino torega kuteerera (ngwarirai), zvino Akati isu “tinova mwana weupombwe, kwete mwana waMwari.” Nokuti, hapana chinogona kubvisa mwana waMwari wechokwadi, akabarwa patsva kubva paMubereki wake, munoona, iye chikamu chaKe. Haukwandise kuzviramba, sokusakwanisa kwaungaita kuzviramba iwe pachako. Munoona, wakava nechiiitiko, wakadzidziswa nokuedzwa.

⁴⁶ Uye zvino, murume uyu nokuti aive muporofita, akanga aine mukana wekuwana nyasha dzaMwari, asi Jobho akanga asina Bhaibheri rokuverenga. Iye...Bhaibheri rakanga risati ranyorwa ipapo, asi aiva nemukana wekusvika kunaMwari kubudikidza nechizaruro nechiratidzo. Ndiyo nguva apo Bhaibheri rakanga risati ranyorwa.

⁴⁷ Zvino, tinoona kuti, uye totora zvimwe zveupenyu hwake, apo Mwari vakamuropafadza nokumuita munhu mukuru. Handiti, kunyange munhu wese aimuremekedza, kusvika pahuchenjeri hwake, akange ave mukuru kwazvo. Kufemerwa kwake kwakabva kunaMwari kwakanga kwamusimbisa kuti aive muranda waMwari, zviri pachena, kusvikira vanhu vaibva kwese-kwese kuzomunzwa. Zvino Satani akatanga kupomera murume uyu. Uye ndizvo zvaanoita kune wese muranda waMwari akafemerwa, Satani anogara nguva dzose aripo kumupomera pamusoro pezvose zvaanoita zvinenge zvisina kunaka.

⁴⁸ Uye, zvino, tinoona hupenyu hwake nemiyedzo, pamwe nokutenda kwake kukuru. Kunyange Jesu, paAkauya panyika, akataura nezvekutsungirira kwaJobho. Akati, “Hamuna here kuverenga nezvekutsungirira kwaJobho?” Kutenda kunomirira nokutsungirira kuti Shoko rakavimbiswa rizadziswe.

⁴⁹ Zvino, tinocherechedza pano kuti Jobho, mushure mokupfuura nemumatambudziko ake, ose matambudziko ake...Aiva nemhuri yakanaka kwazvo, vakatorwa kubva kwaari. Aiva nehutano hwakanaka, hwakatorwa kubva kwaari. Chose chaaiwa nacho muhupenyu huno chakatorwa. Zvino akagara pamurwi wemadota, aine chimedu chehari, achikwenya mamota ake. Uye kunyange kumudzimai wake, akataura achimupikisa, akati, “Wadini watuka Mwari, wafa?”

⁵⁰ Iye akati, “Unotaura semudzimai benzi.” Akati, “Ishe vakapa, Ishe vakatora, Zita raShe ngarirumbidzwe!”

⁵¹ Zvino, Satani akanga auya pamberi paMwari, nokuti aikwanisa kuuya pamberi paMwari, zvino opomera Makristu (kana kuti, vatendi) nguva dzose. Saka akapomera Jobho mhosva yezvinhu zvakawanda, uye ndokuti “Jobho, chikonzero aigona kushumira Mwari, nokuti zvinhu zvose zvakanga zviri kumufambira zvakawanda.” Asi ndokuti, “Kana Mukangomuita kuti ndimuwane, mumawoko angu, ndinomuita kuti aKutukei kuchiso cheNyu.”

52 Ndinoda kuti mucherechedze ruvimbo urwo rwaiva naMwari mumutendi. Maona? Vari. . . Nemanwe mashoko, Mwari vakati kunaJobho. . . kana kuti vakataura kuna Satani, sezvizvi, “Haukwanise kuzviita! Munhu akarurama akaruramiswa. Munhu wakanaka. Iye. . . hapana wakafanana naye pasi rose.” Oh munhu wakadini; wokuti Mwari pachaVo vakati kumuvengi waVo, “Muranda wangu akanyatsorurama, hapana mumwe munhu panyika akafanana naye.” O! Dai taigona kuva mhando yemunhu wakadaro! Zvokuti Mwari vanoisa ruvimbo rwakadaro patiri! Rwunoziva kuti hatizotsauki tichibva paShoko raVo kana huMunhu hwaVo, neipi nzira! Kugara ipo chaipo, uye Vanogona kuisa ruvimbo rwaVo matiri.

53 Zvino, Jobho aive munhu waiita mirairo yaMwari nemazvo, chaimo. Zvino Satani aizviziva izvozvo, asi akati, “Kana Mukangonditendera kuti ndimuwane, ndichamuita kuti aKutukei kuchiso cheNyu.”

54 Saka Mwari vakamutaurira, Vakati, “Zvino, ave mumawoko ako, asi usatore upenyu hwake.” Zvino Satani akaedza nepose paaikwanisa pana izvozvo. Akatora shamwari yose, nezvose zvaaiwa nazvo, potse hupenyu hwake hwose, asi haaisagona kutora hupenyu hwake. Asi Jobho akaramba akabatirira, pakanga pasina zvokudzokera kumashure.

55 Muri kuona, kana murume kana munhu anyatsosangana naMwari, nekutenda kwechokwadi, kwakazarurwa kwekuti “Mwari varipo!” Hapana chinhu, hapana nguva, chero kupi zvako, chingapatsanura munhu iyeye kubva kuna Mwari wake. Ndinotenda kuti aive Pauro akati, “Hapana gakava, hapana nzara, hapana njodzi, kana zvisikwa zvinorarama, kana rufu, kana chero chinhu chingatipatsanura kubva parudo rwaMwari rwuri munaKristu Jesu.” Wakanyatsochengetedzwa uri maAri nokuti wakatemerwa kuHupenyu hwacho.

56 Asi Satani akafunga kuti aigona kumumonyorotsa zvishoma, womusunga mawoko, zvino womuita kuti azviite. Asi, munoona, Jobho aine chizaruro chake chakakwana chaMwari, uye kuti Mwari aive Ani, uye kuti Mwari vaimuda zvakadini, akamirira! Zvisinei zvakanga zvakaite mamiriro ezvinhu, akamirira kuti kutenda kwake kusimbiswe, nokuti akanga aine kubata kwakasimba panaMwari, chizaruro. Chandakataura nezvacho nezuro manheru.

57 Zvino, kana vanhu vanorwara vari muchivakwa, vanhu vakaremara, kana iwe une chishuwo chokuda Mwari, kana ukagona kuwana mhando yakadaro yechizaruro chokuti waka “ruramiswa,” kana uine maruramiro chaiwo ekukumbira chinhu chauri kukumbira, uye nokutenda kuti “Ndiye Mupi wemubairo kune avo vanoMutsvaka nomoyo wose,” hapana chinhu chinokupatsanura kubva pakutenda kwakabairirwa mauri. Maona? Asi, kutanga, zvinofanira kuzarurwa kwauri.

58 Mumwe munhu akauya nguva shoma yapfuura, boka revarume, vamwe vavo vari kuteerera kuno manheru ano, uye ndokundiudza, ndokuti. . .Ndakaramba ndichivaudza, “Endai kuKentucky, mafuta ariko zasi ikoko.” Ndaizviziva kuti aiveko, ndakaaona muchiratidzo.

59 Saka, Hama Demos nevamwe havana kuenda kwenguva yakareba. Mushure mechinguva, pakupedzisira, vakati. . . Mushure mokunge Texas yapindamo. Zvino vakati, “Zvino tave kuenda zasi.”

60 Ndakati, “Maifanira kunge makaenda kare-kare.” Asi havana kuzviita.

61 Demos akati, “Ndakaita mhosho yakakura kwazvo pana izvozvo, nokusaita izvozvo, Hama Branham.”

62 Ndikati, “Dai makaenda zasi ikoko, mungadai makaiwana yose.”

63 Saka, havana kugona kuzviteerera. Zvino chokutanga. . . zvino tisati taenda manheru acho. . .Pa—panzvimbo patakanga tiri kudya svusvuro yemasikati. Mweya Mutsvene wakandiratidza mutswe mukuru pasi, zvino imomo makanga makazara nemafuta, zvino iyi yakafashukira muKentucky yaingova zvitsime zviduku zvemafuta zvavainge vari kuipomba, asi iyi yaibva pahova yacho huru. Zvino ndakati, “Hama Demos, iriko.”

64 Saka vakaenda kundoatsvaka. Ndokuti, “Endai zasi mugotiidza pane—pane mugodhi wemafuta.”

65 Ndakati, “O, kwete! Kwete! Kwete!”

66 Munoono, hatishandise chipo chaMwari kuita mari. Kwete! Kwete! Vaikwanisa kunditaurira pawave, asi ini handina basa nawo. Handaitombwana kutenda kwakakwana kuVakumbira. Maona? Dai ndaiuda, ndinotenda kuti dai ndaiVakumbira, Vaindiudza. Asi kutanga, muri kuona, donzvo nezvinangwa zvako zvinofanira kunge zvakana. Unofanira kuva nezvikonzero zvacho. Mwari havangokupe zvinhu izvozvo nokuda kwekungoti wakumbira. Uye haukwanise kukumbira nokutenda kunze kwekunge paine chinangwa chemazvirokwazvo chazvo, kuve uri mukuda kwaMwari. Munoono, kana uchida kuva neutano, chii chaunodira kuva neutano? Munoono, kana uchida kupodzwa, chii chikonzero chaunodira kupodzwa? Chii chauri kuudza Mwari? Chii chauri kuita nehupenyu hwako kana uchinge waporwa? Munoono, panofanira kunge paine. . .unofanira kunge uine donzvo nechinangwa, uye zvinofanira kunge zvakana maererano nokuda kwaMwari. Zvino ndipo apo kutenda kunozarurwa kwauri, uye Mwari nenyasha dzaVo dzekuzvitonga kuzere vanoisa kutenda ikoko imomo, zvadaro zvatopera. Maona? Zvino muri kuona?

67 Zvino, kuita kuti Shoko rive rechokwadi, zvino hama padzakadzika ikoko, vakawana . . . mumwe muchinda akaenda ikoko ndokutenga zvimwe zvinhu zvakawanda, ndokutengesa mvumo dzekushandisa nzvimbo, zvino ndokubiridzira mumwe wacho neimwe nzira. Ndikati, “Muri kuona, hazvishande.” Zvino kuti zvisimbise *chiporofita*, mukati mezana remayadhi kweapo varume ava vaichera mugodhi wavo, mumwe murume akabata mugodhi uya mukuru. Zvino uriko, mazana gumi nerimwe emigomho yemafuta muhafu yezuva, kanawo zvimwe kana zvimwewo zvakadaro; vachiri kuachereredzera kunze, imo chaimo muhova huru yacho. Asi kungoita kuti chiporofita, Shoko rakanga rataurwa kuti aiveko, aiveko. Mamwe ose ave kutopwa, kwese nemuKentucky. Zvimadziva zviduku, vaingozvipomba kwenguva shoma, zvopwa. Zvaingori kufashukira kwakabva kune *iyi*. Maona?

68 Asi, nokuda kweusvinu hwakapinda pakati pazvo, zvinangwa zvaive zvakatsveyama, vachisaina zvinhu zvakawanda “zvichange *zvakadai*,” apo vakanga vavimbisa kuzviitira Humambo hwaMwari, asi zvinoratidzika sokunge ndezvavo pachavo. Maona?

69 Zvino hazvishande, hapana chinhu cheusvinu chinoshanda. Donzvo nezvinangwa zvako zvinofanira kunge chaizvo, zvakananyatsonaka zvakakwana, zvadaro une kutenda, kwekukumbira. “Kana moyo yedu isingatipomere, zvadaro tine ruvimbo.” Maona? Munoono, tinofanira kuva neruvimbo. “Ndiri kuda izvi zvipe rukudzo nekubwinya kunaMwari.” Zvadaro kutenda kunenge kwave ne—negwara rekufamba naro; kana kukasadaro, zvino une kutenda kwepfungwa, kwenjere, uye kusiri kutenda kwechokwadi kunobva kunaMwari. Kutenda uku kwenjere hakuna kwakunokusvitsa. Kunogona kukuita kuti uve nemanyawi, asi hakukuwanise kupodzwa kwauri kutsvaga.

70 Saka, Jobho, achizviongorora nekutenda kwemazvirokwazvo uko akanga apiwa naMwari kuti akanga “akarurama,” kuti akanga aita zvole zvaiddiwa naMwari kuti aite. Zvino kana tiri kuzonamatirwa, hurwere hwedu, handizive kana taita zvole zvinodikanwa naMwari kuti tiite. Tatevera here chikamu chidukusa chose cheGwaro? TakaVapa here moyo yedu nehupenyu hwekuVashumira? Chii chikonzero uri kuda kupodzwa? Ndicho chikonzero usingagone kuwana kutenda kwakakwana, munoono, nokuti pamwe hauna kuita chinhu ichi kunaMwari wakaperera zvichibva pamoyo wako. Sezvakaita Hezekia, akapa Mwari chikonzero, aida kuisa humambo hwake—hwake muhurongwa. Zvino Mwari vakatuma muporofita wavo kuti adzokere ndokumuudza, uye aizopora. Maona? Asi, unofanira kunge wagadzirisa zvinhu izvi, kutanga.

71 Saka zvino paunongosvika panzvimbo idzodzi uye woziva kuti zvazarurwa kwauri neShoko raMwari, nechizaruro,

neShoko iro Mwari vanoda kuti uite, zvararo unova nokutenda, kutenda kwemazvirokwazvo.

⁷² Zvino, sezvakanga zvakaita Abrahama paakanga ava nemakore makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe okuzvarwa. Ndinotenda, Genesi 17. Mwari vakazviratidza kumutana uyu, zvino, aiva nemakore makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe okuzvarwa, apo akanga ave kuda kuva nezana remakore okuzvarwa, uyo akange akamirira vimbiso makore ose aya. Akazviratidza kwaari nezita rokuti *El Shadhai*, “Uyo ane mazamhu.” Uye kwaive kukurudzirwa kwakadini, zvisinei kuti vimbiso yakanga isati yazadzikiswa ipapo. Asi, “Abrahama, ndiNi Mwari Samasimba, El Shadhai, ‘Mupi-wesimba, Mwari ane Mazamhu.’”

⁷³ Sezvandakambokuudzai kumashure, sekamwana kacheche kasina kugadzikana, kachirwara, kachichema, zvino kanorara pachipfuva chaamai vako. Zvino kanoyamwa simba rako kubva kwavari, nokuti kanogutswa pakanenge kachiyamwa, nokuti nzira yoga yakainako uye yakanoziva izamhu raamai vako. Hakazive kutora mushonga wekurapa. Unogona kukapa mushonga wekurapa, kanorira pamwe nokuchema. Kabaye jekiseni paruwoko, zvino kanoenderera mberi. Asi nzira yoga yokukagutsa izamhu raamai.

⁷⁴ Zvino iVo vakati, “Abrahama, wakwegura, simba rako rapera, mawoko ako aputana, hurume hwako hwapera, asi iNi ndiri Amai vako. Chingobata vimbiso yaNgu, zvino ugutswe paunenge wakamirira. Zorora!”

⁷⁵ Zvino, ndiyo nzira iyo mutendi wese, hazvinei kuti kenza yakubata zvakaipa sei, kuti wava nenguva yakareba zvakadini ugere muhwiri-cheya, chero chipi chezvinhu izvozvo, kana ukangogona kubata chizaruro ichochi kubva kuna Mwari! Zvino gutsikana, uchiziva kuti zvichaitika, nokuti kutenda kunomirira vimbiso nokutsungirira. Maona?

⁷⁶ Jobho aiziva kuti akanga akarurama. Apo patinowana, muno muMagwaro, kuti paiva...machinda aya akauya kwaari; nhengo dzemuchechi yake. Chinhu chose pane imwe nguva chaita sokunge chakange chakamukoshera chakanga chamupandukira, uye nokuedza kumupomera mhosva yokuva mutadzi wepakavanda, nokuti zvinhu zvose izvi zvakanga zvaitika kwaari. Munonzwa vanhu, kana nanhasi, vanoti, “Ndakakutaurira. Mutarisei! Munonei...?” Handi zvose chokwadi. Dzimwe nguva ndiMwari vari kuyedza vanhu vaVo. Panyaya iyi, vaive Mwari vakanga vari kuyedza Jobho, murume wakanakisisa aive panyika panguva iyoyo. Zvino, Vakanga vakamubata zvino, nokuti Vaiziva kuti Jobho akanga ari muporofita aiva nechiratidzo chakabva kunaMwari, uye kuti akanga aita chaizvo zvaakanga anzi naMwari aite zvino iye... Mwari vaive vakasungirwa kuchengeta vimbiso yaVo kwaari.

77 O! Makristu ose anofanira kuve akadaro. Kana kurwa kwekupedzisira kwehupenyu hwedu kwasvika, uye magwiriri erufu ave pahuro pedu, tinofanira kuramba takadzikama uye tigorangarira kuti Mwari vakati, “Ndichakumutsa zvakare nezuva rokuguma.” Maona? Unofanira kubata ipapo—ipapo, chapupu chedu, nzvimbo yedu munaKristu, chinzvimbo chedu, izvo zvatiri, tichiziva kuti takachengeta Shoko rose remurairo waVo. “Vakaropafadzwa avo vanoita mirairo yaKe kuti vagwana kodzero yokupinda.” Maona? Uye kana taziva, kuti zvisinei zvakataurwa nemumwe munhu, takachengeta murairo wese watinoona muBhaibheri, kuti Mwari vakatiitira... vakatiudza kuti tiite, nokuyeresa, nerudo, neruremekedzo kuMusiki Uyo akanyora Bhaibheri.

78 Tinoti, “Munhu ndiye akaRinyora.”

79 “Munhu wakare, aifambiswa neMweya Mutsvene, akaRinyora.” Maona? Munooona, Mwari vakaRinyora kubudikidza nemunhu. Semuporofita anotaura Shoko raKe, harisi shoko remuporofita, iShoko raMwari, munooona, nemumuporofita. Ndicho chikonzero Richifanira kuitika, kana zvirokwazvo riri Chokwadi.

80 Zvino, tinoona munhu mukuru uyu. Uye, rangarirai, Jobho akanga asina Bhaibheri rokuverenga muzuva rake. Kwete! Aingofamba nokufemerwa. Aiva muporofita uko kunouya Shoko raMwari. Aingofanira—aingofanira bedzi kufemerwa, nokuti aiziva nzvimbo yake kuti aiva muporofita waMwari. Zvino, chinhu choga chaingofanira kuitika, kwaive kuti kufemera kumurove. Zvino aizoziva kuti zvaainge ataura zvaizoitika, nokuti zvaive kubudikidza nokufemerwa.

81 Ndizvo izvo kereke, kana iri muhurongwa (yakagadzwa muhurongwa), inongo...ine hurongwa hwekufamba hwakagadzirira, inongoda simba rekufambisa. Manheru ano, kana tikaita kuti hurongwa hwekufambisa hunge hwakagadzirira, toita kuti moyo yedu inge yakaita zvakanaka, zvinhu zvatinoogona kuita, kutevera Shoko rose, kuMutevera murubhabhatidzo, kumutevera muhurongwa hwese hwaAkatiudza kuti tiite, woita kuti hurongwa hwese hwekufambisa hunge hwakagadzirira, zvino womira ipapo; zvino tinenge tagadzirira kuti simba rokufambisa ritungidzwe, uye Mwari voga ndivo vanokwanisa kudaro; uye kudonhedzera mumoyo mako kutenda kunoti, “Iye zvino ndapodzwa.” Zvadarwo hapana mutsauko wazvinoita kuti mamiriro ezvinhu akadini, wakapodzwa zvakadaro; nokuti kutenda, nokutenda wakapodzwa.

82 Akanga aine nzira yokutaura nayo kunaMwari, yaakanga awana nokufemerwa. Aiva aine nzira yokuzvibuditsa kunze, zvino orega Mwari vachipinda mukati. Uye aiziva kuti akanga akaruramiswa. Chaive chipo, chaive chipo kuvanhu; chisiri chekuna iye Jobho, asi chiri chekuitira vanhu. Ndizvo zviri

zvipo zvole zvaMwari, ndezvekushumira nazvo vanhu vaMwari. Munhu wese haana kurairwa kuva muporofita. Mose imi hamuna... hamuna kurairwa kunamatira vanorwara. Vose havana kurairwa kuva vafudzi, nezvimwe zvakadaro. Asi inzira iyo yavakazarurirwa naMwari. Uye zvakaita seizvo zvatanga tinazvo muchidzido mangwanani ano, kuti iye... Mumwe munhu haafanire kutsauka achipinda mugwara remumwe munhu, zvisinei kuti akafemerwa zvakadini, kuti zvichiita zvakadini kunge ndizvo, zvakana zvakadini... Vangani vanga vari mumusangano mangwanani ano? Regai tione ruwoko rwako. Maona? Munoono, haukwandise.

⁸³ Heuno Dhavhidhi, akanyatsofemerwa nokufemera kwese, vanhu vose vachidanidzira nokurumbidza Mwari, nokuda kwechikonzero chainyatsoita sokunge chaive cheGwaro, asi akanga asiri iye munhu wacho. Kufemera uku kwaifanira kunge kwakauya kuna Natani, kwete Dhavhidhi. Munoono, haana kana kumbobvunza Natani. Munoono zvakaitika? Munoono, tine... Mwari vakati iVo “hapana chaVanoita kusvikira VaZvizarurira kuvaranda vaVo vaporofita.”

⁸⁴ Uye Jobho ndiye aive muporofita wacho muzuva irori. Zvino, chinhu choga Mwari chavakaita kuna Jobho: Ichu chaigara nguva dzose chichimupa huchenjeri neShoko raVo nekufemera, haana kugona kuwana kufemera. Asi aiziva zvole zvehurongwa hwake (akanga abaira chipiriso chemoto, akanga aita zvole zvaiziva kuita kuti zvainge zvakana), asi haana kugona kuwana Shoko rimwe chete kubva kunaMwari. Asi dhiyabhore haana kugona kumutsukunyutsa! Hezvoka izvo.

⁸⁵ Zvino, hezvoka izvo kana wanamatirwa. Haufanirwe kumhanya uchidzokera zvakare nemumutsara, kana kuenda kuti mumwewo munhu akunamatire. Kana uchiziva kuti waita chaizvo izvo zvawakaudzwa naMwari kuti uite, munoono, zvino chimirira iri gwara rekufemera rizaruke kwauri, uye, “Zvino ndapora!” Kana kuchinge kwadonhera imomo, zvadaro zvinenge zvatopera. O, hauzodi mitsara yokunamatirwa, hapana chimwezve, zvatopera! Zvakazarurwa kwauri! Maona?

⁸⁶ Sezvakaita muporofita mutana pakuuya kwaIshe Jesu, tinoona kuti zvakazarurwa kwaari, mutana wakare, kuti “haaizoono rufu kusvikira aona Kristu waShe.” Uye akaZvitenda, uye ndokuZvimirira. Zvino vanhu vakafunga kuti akanga ave kupenga, mutana akanga arasikirwa nenjere dzake. Asi akaramba achingoZvitenda! Hapana chaigona kumuzunguza kubva paZviri, aiziva kuti Mwari vakanga vaZvizarura kwaari, nokuti Bhaibheri rakati, “Zvakazarurwa kwaari neMweya Mutsvene.”

⁸⁷ Simioni achipinda muTemberu panguva iyoyo, akasvikapo ndokupa rumbidzo kunaMwari, zvino ndokuti, “Chiregai muranda weNyu achienda murugare.” Paakanga atakura mwana, “Meso angu aona ruponiso rweNyu.” Munoono, aiziva

kuti akanga ari kuzoMuona. Zvisinei kuti vainge vari vana vangani vaaishanyira zuva roga-roga, aiziva kuti Mwari vakanga vamuzarurira kuti akanga ari kuzoona Kristu iye asati afa. Simioni akazvitenda.

⁸⁸ Zvino kana zvazarurwa *kwauro*, kuti iwe pachako wagamuchira vimbiso yaMwari; kufemera, iwe uri Mukristu, zvakujekera, hautozombodi mutsara wekunamatorwa. Chinhu chacho...chinhu choga chaunoda moyo wakazaruka kana hurongwa hwezvekufambisa hwagadzirira, zvino worega kufemera kuchidonha imomo, zvino hapana chinogona kushandura pfungwa yako; wava nacho. Kunze kwaizvozvo, hapana chakanaka chazvinoita.

⁸⁹ Zvino cherechedzai, Jobho aingoda gwara rokufemera, aiva naro rakazaruka. Aiva nenzira yaaitaura nayo naMwari, nokufemera kwaVo. Aiva nenzira yokuzvibuditsa iye kunze zvino orega Shoko raMwari richipinda mukati. Cherechedzai kuuya kwavai—kwavaiita vachibva Kumabvazuva neKumadokero, vanhu vachimutsvaga nokuti vaiziva kuti Jobho zvaanenge ataura chaive Chokwadi. Vaiziva kuti murume uyu aitaura Chokwadi. Nokuti, zvaaiporofita, ndizvo zvaiitika! Zvino saka vanhu vaibva Kumabvazuva neKumadokero.

⁹⁰ Akati akaenda kumisika, machinda echidiki aibva Kumabvazuva vaikotama pamberi pake, kuti vangonzwa shoko rimwe chete renyaradzo kubva kwaari, huchenjeri hwake hwaive hwakakura huine simba, nokuti vaiziva kuti murume wacho akatendeka. Akanga asingade kuzvikudza, akanga asina daka nemunhu, asina zvikiribidi zvaaita, aingori muporofita akatendeka pamberi paMwari. Uye vaive neruvimbo naye, uye munhu wese aibva Kumabvazuva neKumadokero kuti vangotaura naye kwechingvana. Anotaura nezvake, muBhaibheri pano. Asi, muri kuona, akashaya kufemera kwaimutaurira kuti zvose izvi zvairevei. Mwari vakazvirega zvichiitika, havana kumuudza.

⁹¹ Zvino, rimwe zuva, tinoona kuti mune izvozvo, ndiyo nguva iyo...Munhu wese, kana uchigona bedzi kuvabatsira, “Zvakanaka.” Asi kana vave kuda kupesana newe, ndipo panopinda dambudziko. Asi iye oga aiziva akanga akarurama; kupfakanyika kwekutenda kwake, kwekunzwa Shoko raMwari richtaura kwaari, akaziva kuti Chaive Chokwadi. Hongu, changamire! Aiziva Inzwi raMwari. Hapana aigona kumunyengera paRiri, nokuti aiRiziva. Iro...Asi pose apo iwe...chimwe chinhu chazarurwa kwauro, pamwe zvichipesana nezvinofungwa nevanhu...Zvino, ndiri kutaura nemugwara revaporofita. Kana vari Mwari vazarura chimwe chinhu, icho, kana paine chakavanzika chinobva kunaMwari kuti chiziviswe kuvanhu, hachife chakauya nekuseminari, hachife chakauya nemuboka revanhu, hachina kubvira chakambozviita. Chinogara nguva dzose, chakadaro, uye chichagara,

kubudikidza nemumunhu mumwe chete, muporofita! Amosi 3:7, munoono, “Ishe hapana chavanoita kunze kwekutanga VaZvizarura kuvaranda vaVo vaporofita.”

⁹² Uye, zvino, Jobho aiva nechimwe chinhu chakakanganisika paari, asi haana kugona kuwana kufemera paari, zvino zvakanga zvave kumunetsa, uye kuti...kana uchinge wapinda pakamanikana zvakadaro, ndipo apo muvengi anopinda mushamwari yose, potse-potse, yauinayo. Zvino vakatanga kumupomera. O, chaifanira kunge chaive chinhu chaisiririsa kwaari kuti azive kuti shamwari dzake dzaimupomera, Satani zvino anoenda onozvibanidza nemuvengi. Ndipo apo Satani paanopinda, “Ndiregei ndimuwane, zvino ndichamuita kuti aKutukei kune cheNyu...ndichamuita kuti arambe Mharidzo yake. Ndichamuita kuti aKutukei. Ndichamuita kuti adzokere zvino ogoti ‘Zvose zvanga zvakatsveyama.’” Zvino akamuyedza nezvose zvaaigno, kune vanhu vakuru neshamwari dzose dzaaimbova nadzo. Asi Jobho akanyatsomira, nokuti aiziva kuti akanga anzwa Inzwi raMwari!

⁹³ O Mwari, batsirai, mangwana manheru, kuti ndigowana iya *Pamapapiro ENjiva Chena Sechando*. Ndakanzwa Inzwi raMwari rakataura chimwe chinhu, zvino chichaitika nenzira iyoyo! Zvingori zvimwe chete sezvimwe zvinhu izvi zvakaitika, zviri kuzoitika!

⁹⁴ Zvino, Jobho aiziva kuti zvaizoitika. Uye aiziva kuti Mwari vakanga vamuudza kudaro, kuti akanga “akarurama.” Asi ivo vakamuita mutadzi, saka akamirira zvino kufemera. Satani achipinda mu—muvanhu vose zvino akauya kwaiva... vanyaradzi vake, tingangoti, zvino vachimupomera, asi hazvina kumzunguza nepaduku pose. Asi Shoko raMwari parakasimbiswa kwaari...Akanga anzwa nezvaMwari nokunzwa nenzeve, asi rimwe zva agere pakaderereso... Zvino paakanga akagara ipapo, uye munhu wese achimupomera mhosva, kunyange mudzimai wake achimuudza kuti aive “akanganisa,” akanga ari kukwenga mamota ake. Zvino Erihu akauya zasi ndokumutsiura nokuda kwekuva neundini, maererano nenzira yaaipomera Mwari nezvimwe zvakadaro.

⁹⁵ Uye zvadaro panguva iyoyo ndipo apo kufemera kwakamurova, ndipo apo mheni yakatanga kupenya, mitinhimira yakatanga kurira, ndipo apo kufemera kwakarova muporofita, zvino akasimuka, uye ndokuti, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama! Uye pamazuva okupedzisira Achamira panyika ino. Kunyange honye dzikaparadza mutumbi uno, asi munyama yangu ndichaona Mwari, Uyo wandichazvionera pachangu.”

⁹⁶ Akaona...Akange ari kumbotaura nezvemiti, zvirimwa, kuti zvinofa sei zvorarama zvakare; mvura inozvimutsa zvakare, munhuwi wemvura, kunhuwirira kwemvura, zvinoitika kana mvura yadururwa pamuti kanawo zvimwe, mbeu inenge yaenda

munhu. Akati, “Asi munhu anorara oburitsa mweya wake, vana vake vanouya kuzomukudza asi iye haazvione. O dai Mandivanza mubwiro” (Jobho 14) “kusvikira hasha dzeNyu dzapfuura.” Akati, “Asi kana munhu akafa, achararama here zvakare? Dzose nguva dzandakatemerwa dzehupenyu hwangu, ndichamirira kusvikira shanduko yangu yauya. Imi muchandidana, uye ndichapindura. Makanditarira miganhu yandisingagone kudarika,” nezvimwe zvakadaro. Aiziva zvinhu zvose izvi. Akatarisa muti uchirarama, asi chii chaitika kumunhu kana achinge afa? Haaimuka zvakare. Saka, Mwari vakanga vari kumuratidza Mudzikinuri uyu.

⁹⁷ Aida kuona kana paiva nemumwe munhu aigona kumureverera. Akanga areverera vanhu vakawanda, asi zvino aripo here mumwe munhu anogona kutaura akamumiririra? Pangaita here mumwe munhu angaisa ruwoko rwake panaJobho, kana kuti pane munhu mutadzi naMwari Mutsvene, ogadzira zambuko pakati? Angakwanisa here kuenda kuimba yaKe osvikogogodza pamukova? Angazarura here mukova ogotaura naye kwechinguva?

⁹⁸ Asi, zvino, kufemera pakwakadonhera mumoyo make, zvadaro akagona kuona Mwari. Mheni yakapenya, mutinhimira wakarira. Zvino pawakadaro, akasimuka netsoka dzake, uye ndokuti, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama! Mudzikinuri wangu, uye pamazuva okupedzisira Achamira panyika.” Munoono, akanga ave kutanga kuona kudairira kwaMwari pakutenda kwake.

⁹⁹ Zvino, hatizive kana tichigona kuona Mwari. Pane nzira here yokuti tinogona kuMuona? Zvino, ndiyo nzira yoga iyo yaiva naMwari, kuedza Jobho. Akati, “Ndakanzwa nezveNyu, nokunzwa kwenzeve, asi iye zvino ndinoKuonai. Asi iye zvino ndinoKuonai, nemeso angu.” Chiratidzo chezvisingaoneki chakanga chaiswa pachena. Akaona gore richipeperekwa, ndokunzwa kupenya kwemheni, kana kuti akaiona. Uye ndokuona kufamba kwemutinhimira, zvichida pazuva raive rakajeka, uye ndokuona kuti Mwari vaiva mugore iroto nemumheni iyoyo. Aigona kuona Mwari, nemaziso ake enyama. Munoono, nokuti zvisingaoneki zvakaitwa zvinoonekwa. Chiratidzo chinoooneka chevamwe zvino chakazosimbiswa, zvakajeka, kuziso renyama.

¹⁰⁰ Sezvakangoita kutenda kune mabasa, sokutaura kwatakaita manheru apfuura. Abrahama, kwete...akanga asina kana Bhaibheri rokuverenga, asi akanga ari muporofita, chiratidzo chake nokutenda kwake. Uye chaita sokunge chakatsveyama kune vamwe kuti aiita mafungiro akadaro, kuti sei aifunga kuti vakanga vachazova nemwana. Asi vakazova nemwana wacho, nokuti chiratidzo chemwana ndicho chaaitaura nezvacho, “Ndichava naye! Ndichava naye!” Asi mwana paakazvarwa, zvino vamwe vose vanhu vakazoona neziso

izvo zvaakanga aona muchiratidzo. Zvino paunoenda uchiita zviri maererano nezvaunotenda mumoyo mako, zvino vanhu vanoziva Mwari, uye nokuziva zviri kuitika kwauri, nemaitiro aunenge uchiita. Ndiwo maonero aunoita Mwari neziso. Asi kwaari, zvose zvaakanga aita zvakanga zvakanaka, zvose zvaakanga aitira vamwe, akanga ave kuda mumwe munhu kuti amureverere. Kuberekwa kwemwana pakwakasvika, Isaka, ku—kufemera kwakange kwamutungamira kune izvi kwakanga kwasimbisa chiratidzo chake kusvika pokuti vanhu vakagona kuona kuti zvaakanga aona muchiratidzo zvaiva Chokwadi zvemazvirokwazvo.

¹⁰¹ Zvino, dzimwe nguva kupfakanyika kukuru uku kwekutenda kunouya chaipo panguva dzedambudziko. Kazhinji dambudziko ndiro rinotipinza mazviri. Raive dambudziko rakapinza Jobho mazviri. Sei, akanga asvika pamagumo ehupenyu hwake. Vana vake vakanga vafa; ngamera dzake. Uye hupfumi hwake hwese hwakange hwaenda hwaparadzwa. Uye hupenyu hwake pachake, akanga amera mamota kubva panhongonya yemusoro wake kusvika pasi petsoka dzake. Rakanga rave dambudziko, zvokuti akazvimanikidza, ndipo paakarohwa nekufemera.

¹⁰² O varume nemadzimai, manheru ano, kana mukagona kutarisa kwese-kwese uye moona kuti tave pedyo zvakadini neKuuya kwaShe. Imi makambosendeka padivi zverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Unogona kunge wanga wakazembera pane mamwe manyawi, kana chimwe chinhu chawakaita chinogona kutevedzerwa naSatani, uye wotadza kuva neMweya chaiwo mauri kuti ugoenda nzira yose muvimbiso dzaMwari. Ko zvingagoneka here kuti munhu anozviti ane Mweya Mutsvene arambe Shoko rimwe chete remuBhaibheri rino, kuti, “handi remazvirokwazvo”? Haukwanise kuzviita!

¹⁰³ Zvisinei kuti uri munamati zvakadini, kana kuti uri nhengo yemachechi mangani, mabhuku mangani mune zita rako, kana Mweya Mutsvene wechokwadi uri mauri (unova Shoko rino richiratidzwa), uchaona Mharidzo nenguva yacho, nokuti Mweya Mutsvene ndiwo unozviita. Asi panofanira kuva nechimwe chinhu chinozvitungidza, kufemera kunokurova. Uye kana paine . . . kana ukadira mvura pasi, pasi, pasi, zvino pasina mbewu imomo yainorova, ko ingazogona sei kubereka chimwe chinhu? Hapana chinhu imomo chinoberekwa. Zvichireva kuti, Vasanangurwa vaMwari bedzi ndivo vachaIona.

¹⁰⁴ Vasanangurwa vaMwari vachaIona munguva yaNoa, munguva yaMosesi, munguva yaJesu, munguva yevaapostori, munguva yaLuther, munguva yaWesley, munguva yePentekosti, nokuti ndiyo Mbeu yaive panyika apo kufemera pakwakadururwa. Zvino apo kufemera kuri kudururwa, kuunganidza Mwenga pamwe chete, ndeavo bedzi Vakasanangurwa vachaIona. Jesu akati, “NdinoKutendai, Baba,

kuti Makavanza zvinhu izvi kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, uye ndokulzarura kune vacheche avo vanogona kudzidza.” Zvino, kufemera kunofanira kuzvirova.

¹⁰⁵ Zvino, kufemera pakwakamurova, zvakabva zvazviita. Akava naYo zvino! Zvino, tinoona kuti, panouya nguva dzemadzudzo apo kumanikidzwa kunenge kuripo. Uye ukatarisa kwese-kwese nhasi, tarira chinhano chatiri kurarama machiri. Hatisi kurarama here muSodhoma neGomora yechimanjemanje? Nyika haina here kudzoka? Yaiva nyika yevahedheni yakaparadzwa kareko, nemoto. Ko Jesu haana here kuti, munaMutsvene Ruka, chitsauko 17, ndima 28, 29, ne 30, kuti, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichange zvakaita mukuuya kweMwanakomana wemunhu, apo Mwanakomana wemunhu anenge achizarurwa”? Chii “chakazarurwa”? Ichakavanzika chaziviswa, chizaruro; kuzarura kana kuzivisa chakavanzika.

¹⁰⁶ Zvino, zvinhu izvo zvanga zvakavanzwa mumazera ose ekereke zviri kuzarurwa zvino, kuziviswa. Zvino, taigona kutaura kuti, zvino dai Mwari vasina kuzvitsigira, zvakatsveyama. Munooona, Mwari havadi mumwe munhu kuti adudzire Shoko raVo, Ivo ndiVo Vanozvidudzirira pachaVo. Vakati, “Mhandara ichabata mimba,” zvino yakazviita. Vakati, “Ngakuve nechiedza,” zvino chikavapo. Zvino hatisi kurarama muzera raLuther, zera raWesley, kana zera rePentekosti. Zera rePentekosti raingova kudzoreredzwa kwezvipa zvichidzoka kukereke, asi tiri kurarama munguva yemadekwana, tiri kurarama munguva yokudanwa kweMwenga.

¹⁰⁷ Uye sokungoomera kwazvakanga zvakaita maKatorike kuona Luther, uye vaLuther kuona vekwaWesley, uye vePenteko...vaWesley kuona zera rePentekosti, saka zvakaomerawo maPentekosti kuona zera rino. Zvagara nguva dzose zvakadaro, nokuti Zvakadururirwa paMbeu Yakasanangurwa, uye pane iyoyo bedzi. Ndizvo zvinodzidziswa neBhaibheri. Havakwanise kuIona, kunyange Jesu akatovanamatira, ndokuti, “Vaiva nehupofu, vakanga vasingazvizive.” Zvakazarurwa inotiudza, muzera rino rekereke yeRaodhikia, apo Akaiswa kunze kwekereke, kuti ivo “havana kusimira! varombo! vanosuwisa! mapofu! uye havazvizive.” Tadzokera zvakare, havagone kuIona, havagone kuInzwisisa. Vakanyatsobatikana mutsika!

¹⁰⁸ Asi rangarirai Shoko raMwari rakavimbiswa nemuromo waJesu Kristu, iye Mwari wacho akataura zvisikwa zvikavapo, ndiYe Wacho nyika isati yavambwa akataura maShoko, “Zvino ngakuve,” uye zvikavapo. Nokuti Akati, “Aive munyika, uye nyika yakasikwa naYe, uye nyika haina kuMuziva. Asi kune vose vakaMuziva, kwavari Akavapa simba rokuva vanakomana vaMwari.” Musiki wacho chaiye, uye Musiki chaiye pachaKe, paakamutsa Razaro kubva kuvakafa, Akati, “Musafunga kuti

izvi zvinoshamisa, nokuti nguva iri kuuya apo vose vari muguva vachanzwa Inzwi reMwanakomana wemunhu, uye vachabuda kunze.” Iye Mwari wacho akati “Ngakuve nechiedza,” akati “Inzwi reMwanakomana wemunhu richamutsa avo vari muguva.” Zvinofanira kuitika mumwaka wazvo. Vakataura, “Ngakuve nehono nehadzi,” nezvimwe zvakadaro, nezvose izvi, makore nemazana emakore zvisati zvaitika.

¹⁰⁹ Kufemera kwakarova muporofita Isaya, akati, “Kwatiri kwazvarwa mwana, tapiwa mwanakomana. Zita raKe richanzi Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba vokusingaperi.” Makore akapfuura, mwedzi, makore, mazuva, mavhiki, makore akapetana, mazana emakore akapetana. Mazana masere emakore akazotevera, Emanueri akazvarwa nemhandara! Sei? Nokuda kwekuti zvakataurwa nemiro mo yemuporofita waMwari akazodzwa, mbeu yakaenda. Maona? “Zvino nguva huru iya,” ndokuti, “mungatsvaga here... ndikumbirei chionwa kana chiratidzo.”

¹¹⁰ Vakati, “Ndichavapa chiratidzo, chiratidzo chokusingaperi, ‘Mhandara ichabata mimba,’ chiratidzo chokusingaperi.”

¹¹¹ Zvino, tinoona kuti munguva idzodzi dzekushushikana, ndipo apo kazhinji Mweya waMwari unouya. Vakarega vana vechiHebheru vachifamba kusvika vapinda mubiravira remoto, vasati vambobambisa kana ruwoko. Asi paVakafamba, Vanofamba.

¹¹² Zvino, tinocherechedza pano munaRuka, ch—chitsauko 17, uye ndima 30, kuti Vakati, “Mumazuva okupedzisira, kuti Mwanakomana wemunhu Achazvizarura pachaKe sezvaAkaita apo pamberi peSodhoma neGomora, uye zvinhanho zvimwe chete zvinenge zviripo.” Vakataura nezvaMosesi, pamusoro... zvino ndine urombo, kwete nezvaMosesi, asi nezvaNoa. Uye kuti vanhu vakanga “vachidya, nokunwa, nezvimwe zvakadaro, nokuroorana nokuchaya mapoto.” Zvino Vakauya, Vakati, “Zvino, sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava panguva apo Mwanakomana wemunhu anenge ari kuzarurwa.” Zvino, tarirai, Mwanakomana wemunhu akazarurwa kuboka raAbrahama, seMunhu, Muporofita ari muchimiro chenyama yemunhu, Munhu wamazuva ose aiva neguruva panguwu dzaKe, uye Abrahama akaMudana kuti “Erohimu.”

¹¹³ Zvino, Jesu anovimbisa pano kuti nemazuva okupedzisira Mwanakomana wemunhu achazarurwa zvakare kuboka remhando imwe chete, Mbeu yehumambo yaAbrahama, panguva iyo moto wave pedyo nokudonha. Rangarirai, kereke haina kuzombwana chimwe chapupu, Abrahama nevamwe havana, mwanakomana akavimbiswa wavakanga vakatarisira akabva aunzwa pakarepo mushure maizvozvo. Uye kereke iri kutarisira Mwanakomana Akavimbiswa, Ari kuuya mushure memazuva eshumiro ino, Achazarurwa kubva kumatenga. Zvino, tinozviona zvakanyatsojeka, zvinofanira

kudaro. Zvino, chinhu choga chinofanira kunge chiripo ndechimwe chinhu chinopfakanyika, chopinda mumunhu, Mwari vosimbisa vomutaurira nokumuratidza kuti icho ndicho chinhu chichaitika; uye kuti uchazo . . .

114 Sezvakaitwa naMosesi, akanga asingade kudzikinura vana vaya, asi Mwari vakataura naye vari mugwenzi raipfuta. Akanga asingadi kuenda, asi aifanira kutoenda. Mosesi akanga anzwa nezvaKe kuti aive Jehovha mukuru. Asi ipapo akagona kuMuona, Aive muchimiro cheShongwe yeMoto. “Ndakanzwa nezveNyu, asi zvino ndaKuonai.” Akaonekwa ari pai? MuShoko raKe rakasimbiswa.

115 Mwari vakaudza Abrahama kuti “vanhu vake vachava vatorwa munyika isiri yavo kwemazana mana emakore, asi Aizovabuditsamo neruwoko rwune simba.”

116 Zvino, cherechedzai, iri gwenzi raipfuta rakapa simbiso kune izvo muporofita Abrahama akanga ataura kuti zvaizoitika. Mosesi akati, “Ndakanzwa nezvazvo, asi zvino ndiri kuzviona!”

117 Zvino, isu takanzwa kuti mumazuva okupedzisira kuti Mwanakomana wemunhu achauya pakati pevanhu vaKe zvino oZvizarura kuvanhu nenzira imwe chete yaAkaita pa . . .panguva iyo Sodhoma yakange yoda kuparadzwa. Mwanakomana wemunhu, chii chaakaita? Aiziva zvakavanzika zvaive mumoyo maSara. Uyewozve akapa vimbiso kunaAbrahama. Abrahama akanga ambonza Inzwi raMwari, aigona kunge akaMuona nenzira dzakasiyana-siyana (handizive kuti Vaitaura sei naye, kubudikidza nezviroto kana kubudikidza nezviporofita), asi panguva ino akaMuona. “Ndakambonzwa nezveNyu, asi zvino ndavakuKuonai.”

118 Zvino kereke yakambonzwa nezvaMwari, vakamboverenga nezvaVo, uye nezvaVakaita, nevimbiso dzaVakapa, asi zvino tiri kuVaona nemeso edu (zvimwe chete sezvakaita Jobho), “Ndakambonzwa nezveNyu, asi zvino ndavakuKuonai.” Ini zvangu! Mutsauko wakadini.

119 Mosesi, mumadzudzo aya, akadanidzira. Uye tinoona, muna Eksodho, chitsauko 14, ndima 13 kusvika 16, Mosesi ari pakamanikana paya aine vana veIsraeri, kufemera kwakamurova, zvino akataura zvaifanira kutaura, asiri kuziva kuti azvitaure. Munooni, “Mirai ipapo mugoona ruponiso rwaMwari.” Mwari vakanga vasati vambotaura naye nazvino. Munooni, kufemera kwakamurova.

120 Vakati, “Ko wakatiunzireiko kunze kuno? Tingadai hedu takafira muEgipita. Asi kuti kwakanga kusina makuva zasi ikoko? Kutiunza kunze kuno, kuzotirega tichifa; taigona kunge takarama murugare senhapwa kusvikira tafa, asi wakatiunza kunze kuno.”

121 Mosesi, muporofita, achiziva kuti aiva nemukana wekusvika kunaMwari, akafemerwa, zvino akati, “Miraipo uye muchaona

ruponiso rwaMwari; nokuti vaEgipita vamakatarisa nhasi, hamuchazovaoni zvakare.” Akaziva sei kuti zvaizoitika? Akaziva sei? Haana kuziva zvaakataura.

¹²² Asi mushure mokungopedza kuzvitaura, Mwari vakamuudza maitirwo acho. Ndokuti, “Mosesi, usachema kwaNdiri, tora tsvimbo yako iri muruwoko rwako uitambanudze pamusoro pegungwa, zvino uudze vana veIsraeri kuti vachi ‘Famba!’” Amen!

¹²³ Kufemera! Ndiwo marovero akunokuita kana uchirwara. Ndiwo marovero akunokuita kana uchitambudzwa. Chimwe chinhu chinozarurwa kwauri, uye woona kuti chazarurwa, unotaura, “Ndapora!”

¹²⁴ Zvino Mwari vanokuudza zvokuita, “Simuka zvino wotanga kufamba.” Amen! Zvadaro zvinenge zvatopera, kana ukagona kuzviita nenzira iyoyo. Ndiyo nzira iyo Mwari vanozviita nayo, zvino unozoonza Mwari vachiratidzwa nemauro.

¹²⁵ Vakanga vari Mwari vakamuudza kuti azviite. Zvino, zvadaro, vose vakanga varipo, vose veIsraeri vaivapo vakaona kufemera kwakarova Mosesi. Vakaona Mwari, nemeso avo, achifuridza mvura iya kubva kune rimwe divi kuenda kune rimwe. Uye iya Shongwe yeMoto yakavatungamira kuenda mhiri kwe—kwegungwa. Akanzwa nezvaMwari, zvino vakaona Mwari.

¹²⁶ Joshua akanga ari panguva yakamanikana, apo hondo dzakanga dzakundwa, zvino zuva rakanga rave kunonyura. Joshua akanga ari muporofita, uye aiziva kuti mauto aya akawana mumwe mukana wekuungana zvakare zvino vouya kuzomurwisa, aizorasikirwa nevarume vakawanda, saka munguva iyoyi yakamanikana apo chimwe chinhu chaifanira kuitwa... Panongori nechinhu chimwe chete, kana akagona kuvaita kuti varambe vachitiza, aizovakunda, vose zvavo, ipapo. Asi pakanga pasina chiedza chakakwana kuti azviite, saka Joshua akamira, ndokusimudza ruwoko rwake, akati, “Zuva, mirapo! Uye mwedzi, mira pamusoro peAjaroni kusvikira ndapedza hondo iyi.” Zvino zuva rakamira. Vakanzwa Joshua achitaura, zvino vakaona Mwari, nemeso avo pachavo, ari kuzviita. Ichokwadi!

¹²⁷ Munoonza, ndizvo chaizvo, raiva nenji kuona chimwe chinhu chinoita sokunge chisingagoneki, asi chiri chechokwadi. Asi, “Zuva rakamira,” Bhaibheri rakadaro. Handizive kuti imi vanhu munofungei, munofunga kuti nyika yaimhanya, zvino; asi, zvakadaro, “zuva rakamira.” Pamwe Joshua haana kumboedza kufunga kuti akanga achazo—zozviita sei, kuti Mwari vakanga vachazozviita sei, chinhu choga chaakataura kwaive kuti, “Zuva mirapo!” Akazvitaura, pamwe asiri kuziva zvaakanga ari kutaura, nokuti ndiMwari vakakupa kwaari, zvino iVo ndokushanda.

128 Zvimwe chete muna Marko 11:23, “Kana ukati kugomo iri ‘ibvapo,’ uye ukasapokana mumoyo mako, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, uchawana zvaunenge wataura.” Asi haukwanise kumira ipapo wotsvaga-tsvaga mupfungwa dzako zvino wozvitaure, unofanira kunge wakafemerwa kuzvitaure. Amen!

129 Ruregerero pane chitaurwa; asi zuva riya, ndakagara ipapo musango (uye Mwari ndiye Mutongi wangu, uye ndinogona kudonha ndofira pano papurupiti ino), apo Gwaro riya rakanga randishungurudza hupenyu hwangu hwese. . . ndakagara ipapo mangwanani aya musango, uye ndakanga ndiri kufunga nezvazvo, zvino Inzwi riya rakataura neni, Vakati, “Gwaro iroro rakangofanana nemamwe Magwaro ose, Nderechokwadi.”

130 Uye ndakafunga, “Saka, zvingaitika sei?”

131 Zvino Vakati, “Uri. . .” Ndikati. . . Vakati, “Taura, uye zvinozova saizvozvo. UsaZvipokane.”

132 Zvino ndakanga ndiri kutaura nemumwe Munhu, ndigere mukati-kati mesango. Pasina tsindi, ndanga ndaveko kwemazuva matatu, musina tsindi imomo. Ndakanga ndakagara mudondo remikuyu. Tsindi hadzitombouyi. . . wese anovhima tsindi, anoziva kuti hadziwanikwe mumukuyu. Zvino ndainge ndakagara ipapo; uye mhengo ichivhuvhuta zvakasimba, dzingaita ten o’clock dzemangwanani, uye ndakanga ndiri kufunga zvakare.

133 Zvino Rakati, “Uri kuvhima, uye unoda tsindi sezvakanga zvakaite Abrahamu aida gondohwe.”

134 Ndakafunga, “Ragara richindiudza Chokwadi, asi izvi zvinoita sezvisinganzwisisike.” Zvino ndakasimuka pandakanga ndigere, ndokutarisa kwese-kwese, “Aripiko Munhu anga ari kutaura neni?” Hapana; mhengo yakanga iri kungovhuvhuta zvakasimba. Zvino ndakafunga, “Asi kuti ndambokotsira ndokuzvirota? Kwete, ndakanga ndisina kukotsira. Ndakanga ndakagara ndakazembera muti ipapo, ndakatarisa, ndaifanira kunotora Hama Wood naHama Sothmann seri uko, nenguva isipi, dzichiita kunge ten o’clock mangwanani. Varimi vakanga vari kunze uko, vachiunganidza gorosi ravo.”

135 Zvino ndakaRinzwa zvakare, richiti, “Uri kuvhima, uye unoda mhuka. Unoda ngani?”

136 Zvino ndakafunga, “Zvino, handisi kuda kuzviita zvakapfuurira, ndichangokumbira nhatu, tsindi nhatu. Ndinoda tsindi duku tsvuku, nhatu. Ndiri kudzida.”

137 Vakati, “Zvino chitaura nezvadzo.”

138 Zvino ndakati, “Ndichawana tsindi duku nhatu tsvuku.”

139 Vakati, “Dzichauya dzichibva nekupi?”

140 “Zvakanaka,” ndakafunga, “Ndasvika pano apa, pane chimwe Chinhu chiri kutaura neni pano.” Sekungonzwa

kwamuri kundiita ndichitaura. Uye Mwari vari Kudenga, neBhaibheri iri pamusoro pemoyo wangu, vanoziva kuti ichocho ichokwadi. Uye iVo. . . Zvino ndakati, “Saka, . . .” Ndakatsvaga nzvimbo isingatarisirwe, rimwe bazi dzaru rakaoma raive rakaremba ikoko (kuda mayadhi makumi mashanu, paive pari ipo pakagadzirwa pfuti yangu ipfufire).

¹⁴¹ Ndakati, “Yokutanga ichange iri apo chaipo,” zvino heyoka yakavepo.

¹⁴² Ndakapukuta meso angu ndokutarisa zvakare (ndakatendeutsa musoro wangu), uye ndakafunga, “Handidi kupfura chiratidzo.” Saka ndakatarisa zvakare, zvino hepanoi apo paive pakagara tsindi iya. Ndakakandira bara mupfuti yangu, ndokunanga, zvino ndaigona kuona ziso rayo dema, tsindi duku tsvuku. Ndakafunga, “Ini—ini. . . pamwe ndakakotsira, ndi—ndichamuka mumaminiti mashoma. Munoono, ndiri kurota pamusoro pezvizvi.” Saka, ndakanyatsonanga, ndokupfura tsindi zvino iyo ndokudonha kubva pabazi. Ndakafunga, “Zvakanaka, handizive.” Ndakafunga, “Saka, ko ndoenda here ikoko ndonoitsvaga?” Zvino—zvino ndakafamba ndichienda ikoko, zvino heinoyi payaive yakarara. Ndakaisimudza zvino ropa raimhanya richibuda mairi. Chiratidzo hachijuje ropa, munoziva. Saka ndakaisimudza, zvino yaive tsindi. Ndakanyatsonzwa chiveve, muviri wese.

¹⁴³ Zvino ndakatarisa kwese-kwese, ndikati, “Mwari, anga ari iMi!” Ndikati, “Maita henyu, nokuda kweiyi. Zvino ndave kubuda ndichienda zvino. . .”

¹⁴⁴ Vakati, “Asi iwe *wati!* Unopokana here zvawataura? Wati uchawana ‘nhatu’. Zvino ndekupi kuchabva neinotevera yacho?”

¹⁴⁵ Ndakafunga, “Zvakanaka, kana ndiri kurota, ndichaenderera mberi.”

¹⁴⁶ Saka nda—ndakati. . . Ndakasarudza imwe hunde, yemuti waiva wakamoneredzwa nekamwe kamuti kamuiy kane chepfu. Haufe wakawana tsindi imomo. Saka ndakati, “Inotevera ichabuda ichibva imomo mukamuti kane chepfu kemuiy,” zvino hepanoi paiva pakagara tsindi iya duku tsvuku yakanyatsonditarisa. Ndakaisa pfuti yangu pasi, ndokupukuta maziso angu. Ndakatendeuka zvakare, ndakafunga. . . Iyo yakagara apo, yakatendeutsa musoro wayo nepadivi. Ndakapfura tsindi iyi, zvino ndokubva ndatanga kuenda kumba.

¹⁴⁷ Asi ndokuti, “Wati ‘nhatu!’ Unopokana here zvawataura?”

¹⁴⁸ Ndikati, “Kwete, Ishe, handipokane zvandataura, nokuti Muri kusimbisa.”

Iri rimwe Gwaro raindivhiringidza: “Kwete kana *Ndikati*, asi kana *ive* ukati.” Kwete kana *Jesu* akazviture, asi kana *ive* ukazviture pachako.

¹⁴⁹ Zvino ndakafunga, “Neimwe nzira ndapinda mugwara iri, uye ndinoziva kuti Ari pano nokuti ndave pedyo nokusaziva zvandiri.” Ndakafunga, “Ndichaita iyi zvisingatarisirwe, chaizvo-izvo.”

Ndakati, “Pachava netsindi tsvuku ichadzika ichibva muchikomo *icho*, yonyatsouya zasi nekuno *uku*, uye nepandiri, zvino yoenda uko, yonogara pabazi *iro*, zvino yotarisa zasi uko kune murimi *uyo*.” Heyo yakadzika nechikomo, ndokuenda uko chaiko, ndokugara, ndokutarisa murimi uya. Zvino ndakaipfura.

¹⁵⁰ Satani akati kwandiri, “Unombozivei? Masango akangozara nadzo, zvino.” Zvino ndakagara ipapo kusvikira twelve o'clock, zvino hapana kana chimwe chinhu chakaitika. Zvinongoratidza kuti kana Mwari . . . Ndiye Musiki chaiye weMatenga nyenika!

¹⁵¹ Pane vakateerera kuno, vari kuJeffersonville iye zvino, pane mhuri inonzi yekwaWright. Hama Wood neni takaenda zasi kunovaona. Vanogadzira waini yechirairo yekereke. Edith muduku akanga akagara imomo mukamuri; musikana muduku akaremara, uyo anga achirwara hupenyu hwake hwese, uye takagara tichitarisa kunaMwari kuti vamupodze. Mukoma wake, shirikadzi, murume wavo akanga auraiwa; zita rake ainzi Hattie, mudzimai muduku akazvininipisa kwazvo. Zvino apo Hama Banks neni patakange taenda kunomutsvagira tsuro, akanga abika cherry cobbler huru; uye ndokundiita kuti ndigare pasi ndidye.

¹⁵² Tainge tose takagara takakomberedza tafura, tainge tiri kutaura pamusoro peizvozvi, zvakange zvabva kungoitika mazuva mashoma akanga apfuura. Zvino patakanga takagara takakomba tafura, tichitaura nezvazvo, pakarepo ndakati, “Chii chingadai chakaitika?” Ndakati, “Hama Wright, mave mukweguru, makavhima tsindi hupenyu hwenyu hwose. Hama Shelby, muri nyanzvi pakuvhima tsindi. Hama Wood, ndizvo zvamuriwo. Ndadzihima kubvira ndiri mudiki. Makamboona here tsindi mumukuyu kana murugwezhwa?”

¹⁵³ “Kwete, changamire.”

¹⁵⁴ Ndakati, “Dzakanga dzisipo zvachose.” Ndikati, “Chinhu choga chandinoziva, Anongori Mwari mumwe chete. Apo Abraham aida gondohwe, Aive *Jehovha-jire*, Aigona ‘kuzviwanira pachaKe.” Ndakati, “Ndinotenda kuti chinhu chimwe chete.”

¹⁵⁵ Zvino Hattie muduku akanga akagara kumashure uko, akati, “Hama Branham, hapana zvimwe zvazviri kunze kwekuti ichi iChokwadi!”

156 Akataura chinhu chaicho chakafanira! Paakataura kudaro, Mweya Mutsvene wakadonhera mugwara iroro zvakare, munhu wese akaUnzwa. Ndakasimuka, ndikati, “Hanzvadzi Hattie, ZVANZI NAJEHOVHA, wataura shoko rakafanira serakataurwa nemudzimai weSirofonishia. Mweya Mutsvene uri kutaura kwandiri zvino, uye wanditaurira kuti ndikupei chishuwo chemoyo wenyu.” Ndakati, “Zvino, kana ndiri muranda waMwari, kana zviri izvo, zvichaitika. Kana ndisiri muranda waMwari, zvino ndiri munyepi, uye hazviitike, ndiri munyengeri.” Ndakati, “Zvino edzai muone, kuti Mweya waMwari here kana kuti kwete.”

157 Ivo vakati, “Hama Branham,” (munhu wese akanga ari kuchema), ndokuti, “ndokumbira chii?”

158 Ndikati, “Une munun’una agere apo akaremara.”

159 Ndaive nemakumi maviri emadhora muhomwe yangu, yekuvapa, yavakanga vaisa muchipo. Mudzimai uyu haaita mari inosvika kuda mazana maviri emadhora pagore, papurazi ravo duku, rakare, rakaromboka, ivo nevakomana vavo vaviri. Vakomana vavo vakanga vangova ‘vanaRiki’ vamazuva ose, mazuva avo ekuchikoro, munoziva, zvino vachingonetsa amai vavo; uye vaine makore gumi nemashanu, gumi nematanhatu okuzvarwa. Uye, o, vakanga vakamira nechekwakadaro vachiseka zvandakanga ndiri kutaura.

160 Zvino ndakati, “Unababa naamai vari pano vachembera. Hauna mari. Kumbira mari yacho, uye uone kana ikauya pamakumbo ako. Kumbirira munun’una wako, uye uone kana akasimuka ofamba.” Ndaiziva zvino, saJobho, panongori nechimwe chinhu chaunoziva kana uchinge wachirova. Ndakati, “Ndinoziva! Hepano ndakamira pamberi pevanhu vanenge gumi,” ndikati, “kana izvi zvikasaitika, zvadaro ndiri muprofito wenhema.”

161 Vakati, “Chii chandingakumbira?”

162 Ndikati, “Zviri kwamuri kuti mutore sarudzo yenyu. Handikwanise kuita sarudzo yenyu.”

163 Vakatarisa kwese-kwese, uyu mudzimai muduku. Zvino kamwe-kamwe, vakati, “Hama Branham, chishuwo chikurusa mumoyo mangu ruponiso rwevakomana vangu vaviri.”

164 Ndakati, “Ndinokupai vakomana venyu vaviri, nemuZita raJesu Kristu.” Uye vakomana vanga vachipfipfidza, vachiseka, vachiita dambe vakawira pamakumbo aamai vavo, uye ndokupira hupenyu hwavo kunaMwari, uye ndokuzadzwa neMweya Mutsvene pakarepo.

165 Sei? Ichocho iChokwadi! Mwari vane mvumo yekundiuraya, pamberi pevanhu ava vari munyika yose. Vazhinji venyu pano nemuJeffersonville, ndiri kunzwa tabhenakeri iri kurira iko zvino, “Ameni!” nokuti vagere ipapo chaipo vachizviteerera.

Munoona, nokuti iChokwadi! Chii? Ndeapo Mwari, nenyasha dzavo dzekuzvitonga kwaVo kuzere; zvinoitika! Kunze kwaizvozvo, hazviitike.

¹⁶⁶ Munguva iyi yakamanikana...Fungai varume nevanhu vandinozivana navo. Mwari vachidarika vanhu vose vane mukurumbira, nezvimwe zvose, kupa mudzimai murombo, muduku akazvinipisa, asingagone kusaina zita rake; uye Vaiziva mudzimai zvaazokumbira. Uye ndicho chaive chinhu chakakurisisa; nokuti munun'una wavo zvino akafa, uye amai nababa vavo vachatofa, mari ingadai yakapera, asi mweya yevakomana vavo inogara munaZiendanakuenda! Uye ndiyo yaiva nguva yacho yokuti vaUwane. Zvino ndichangotaura kuti, "Ndinokupai vakomana venyu, nemuZita raJesu Kristu," ipapo vakawira pamakumbo aamai vavo. Vangani vari muno vanoziwa kuti iChokwadi, munozviziwa? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Maona? Ndizvozvo. Hongu. Sei? Kufemera!

¹⁶⁷ Zvino: "Ndakanzwa nezveNyu, kuti Munogona kusika tsindi; ndakanzwa nezveNyu, kuti Munokwanisa kusika gondohwe; asi zvino ndaKuonai, neziso rangu!" Kuratidzwa, chiratidzo chakaitwa chinooneka. Kana Mwari vakavimbisa chero chinhu hacho, ndizvo zvaVachaita.

¹⁶⁸ Cherechedza, kana uine chaunoda, zvichida saJoshua. Aiva nechaaida; haana kumbofunga pamusoro pemamiriro ezvinhu, akazvitaure, uye aive Mwari! Munotenda here kuti zuva rakamira panzvimbo imwe chete? Kana neniwo. Ko rakazviita sei? Usaedza kufunga nezvazvo, asi rakazviita. Joshua akazviita, uye ndokusimudza mawoko ake; munguva yakamanikana iyi akava nemukana wekusvika kunaMwari, uye ndizvo zvakaitika. Zvakaitika panguva chaiyo yakafanira. Mweya waMwari Mupenyu wakanga waona kuti zvakanga zvichidikanwa, uye ndokusunda Joshua kuti azvitaure. Mwari mumwe chete akaona chaidikanwa naAbrahama. Mwari mumwe chete akaona kufanira kwekusimbisa Shoko irori kwandiri, kuti Gwaro *iri* ndere chokwadiwo, zvakare! Mwari mumwe chete akaona chaidikanwa nevakomana ava vaviri vakatemerwa, uye zvaive panguva iyoyo Vakazviratidza nokusimbisa Shoko raVo.

¹⁶⁹ Mutsvene Marko 14, tinoona mudzimai akatenda kwaAri, aiva nechaaida zvino akaona kuti Aida kuti tsoka dzake dzishambwe, akatongofemerwa kuti apinde pakuita chimwe chinhu. Zvino nyatsoteereresai apo...tisati tavhara. Aingofanira kufemerwa kuti apinde pakuita chimwe chinhu, nokuti akanga akatofanonzwa nezvaKe. Akanga anzwa kuti "Akaregerera mumwe mukadzi zvivi zvake, chipfeve. Uye ndokuti, 'Ndeupi wenyu asina chivi? Kanda dombo rokutanga.'" Akanga anzwa nezvaKe, asi iye zvino akaMuona. Akafemerwa kuti aMushumire. Ndicho chinhu choga chaunofanira kuva.

¹⁷⁰ Rega Mweya Mutsvene ukuudze kuti "Uri mutadzi!" Rega rega Mweya Mutsvene ukuudze kuti "Wakakanganya!" Rega

Mweya Mutsvene ukuratidze neMagwaro kuti “Wakatsveyama paMagwaro!” Uye kuti...nokuti Unongofamba bedzi nemugwara rimwe chete rakatwasuka reGwaro rose raMwari, haUfe wakanyenyeredza. Kana iwe ukadaro, hapana chakanaka chaUnokuita. Nokuti Mweya Mutsvene unogona kuZvifemera kwauri, asi kana mweya usina kunaka kunaMwari, sezvatanga tichipfuura nemazviri svondo rino, hazvibatsire zvachose. Rangarirai, vazodziwa venhema vachasimuka mumazuva okupedzisira; kwete vanaJesu venhema, vanaKristu venhema (vazodziwa), uye vachanyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.

¹⁷¹ Cherechedzai, mudzimai aive nebasa raaifanira kuMuitira. Akanga anzwa nezvaKe, asi iye zvino akamuona nemeso ake. Aiva nebasa rekuita, uye akanga asina chokuriita nacho. Saka akamhanyira mberi zvakadaro, kuti ashumire, Mwari vakapa mvura nematauru zvekugeza tsoka dzaKe. Akanga anzwa nezvaMwari Mupenyu, hupenyu hwake hwose, asi zvino akaMuona nemeso ake. Mudzimai akaziva kuti aiva iYe, zvino kufemera kwakamurova, zvino ndokuti, “Uyu ndiye Mutumwa!” Anoda kushumirwa (akanga asina chokuMushumira nacho), tsoka dzaKe dzaive netsvina. Asi akamhanyira mberi zvakadaro, kuti aMushumire, nokuti akafemerwa kuzviita.

¹⁷² O nhengo yekereke yakadzokera kumashure, murume kana mudzimai wemasangano, hauone here chiri kudiwa naJesu nhasi manheru ano? Kana kufemera kukangogona kukurova, ino ndiyo nguva yokuzviita. Asi mudzimai akaMuona nemeso ake. Vamwe vacho vakanga varipo vakanga vachitoMunyomba. Vakanga vasingatendi Mharidzo yaKe. Chaizvo-izvo, tenzi wemabiko, mutana Simoni, akanga aMuunza zasi ikoko kuti aite dambe naYe. Vakanga vasingatendi kuti Aive muporofita.

¹⁷³ Saka zvino pazvakaita sokunge dhiyabhore akanga anyatsozvishanda zvakanaka zvokuti iye agotaura izvi, akati nechemumoyo, “Dai murume uyu aiva muporofita, angadai aziva mhando yemukadzi uyo akanga ari patsoka dzake. Dai anga ari muporofita!” Munooona, zvakanga zvisina kana kumbozarurwa kwaari kuti Aive Ani. Hapaimbova nekufemera kwaimurova, nokuti hapana chiripo ipapo chokurova. Asi chakarova kumudzimai!

¹⁷⁴ Meso emudzimai akange aona zvinodarika kutsoropodza kwake. Akatenda kuti aive iYe, munooona, Shoko revaporofita. Aiziva kuti Uyo aiva Mashoko ose evaporofita, akasimbiswa maAri. Akanga anzwa kuti Aive panyika, asi zvino akange ave kuMuona. Tarirai zvaakaita. Akaona Shoko rakaitwa nyama, Mhesiya, Emanueri. Paakatupfunura kupfakanyika kwekutenda kwake (kwechizaruro chokuti Aive Ani, munguva yaakanga ari kurarama, kuti Akanga ari gwayana raMwari revatadzi saiye), akaenderera mberi kushumira zvido zvaKe asingazive kuti aizozviita sei.

175 Ndiyo nzira inouya nayo kupodzwa kwechokwadi, kana zvichinge zvazarurwa kwauri kuti “Akakuvadzwa nokuda kwezvivi zvako, akaiswa mavanga nokuda kwe kudarika kwako, uye nemavanga aKe *iwe* wakapodzwa.” Kana zvafemerwa kwauri kuona Hupo hwaKe pano, hwaMutsvene Marko 11, kana, Mutsvene Ruka 17:30, kuti Achazvizarura pachaKe mumazuva okupedzisira (pakati pevanhu vaKe, ari munyama yemunhu) sezvaAkaita pamberi peSodhoma. Kana uchinge wazviona, zvino chimwe chinhu chinokurova!

176 Chiremba anogona kuti, “Kenza ichiripo.”

177 Murwere anogona kuti, “Ini—ini—ini—ini—ini—ini handizive kuti ndichafamba sei, asi ndichafamba zvakadaro.” Hatizive kuti zvichaita sei.

178 Akaenda mberi kunoMushumira, nokuti kufemera kwakaMurova . . . kwakarova mudzimai, kuti ndiyo yaiva nguva yacho, uyo aiva Mutumwa wacho, uyo aiva Mhesiya Aizopodza, uye akaZvitenda. Uye Aida kuti ashumirwe paAri, uye akaenda mberi pasina chaakanga ainacho chairatidza kuti aikwanisa kuzviita. Akangoenda sokufemerwa kwake. Tarirai! Mwari vakapamura zvitubu zvetsinga dzemisodzi mumaziso ake. Meso mamwe chete akanga anzwa . . . nzeve dzakanga dzaMunzwa; meso akanga aZviona, akapamuka nomufaro. Zvino chimwe chiya, vhudzi refu raakapiwa naMwari, nemisodzi ichiyerera pasi. Mwari vakamupa matauru (nevhudzi rake), nemisodzi yake. Akashumira zvido zvaKe, chaidiwa naMwari Mupenyu. Mudzimai akanga anzwa nezvaZvo, asi zvino akaMuona, aikwanisa kuMushumira.

179 O mutadzi! Wadini waitawo zvimwe chetezvo paUri kuona zvinodikanwa zvino? Kutu Anoda iwe, shumiro yako! Zvino unoona Uyo, Wawakambonzwa nezvake muBhaibheri. Takamuona usiku hwapfuura achiuya muno, uye nezvaAkaita. Tinomuona, musangano wega-wega waitevedzana, uye pane dzimwe nguva taigara takangotonhora uye tisina hany'n'a, toti, “Hongu, ndinoziva kuti Gwaro rinozvitaura. Oh, nda—ndakazviona zvichiitwa, munoona.” Hatina kakuzvifarira, zvinoita sokunge zvisingatirove nemazvo. Panoita sokunge hapana chimwe chinhu, zvakaita sokunge uri kudurura . . .

180 Ukatora machisi woikwenya, kana machisi isina suruferi chaipo pamusoro wemachisi, haitungire. Zvino unogona kukwenya ugokwenya ugokwenya, asi kana mumwe mushonga wauraya suruferi ipapo, haitungire, hapave nechiedza. Asi kana mushonga uyu, suruferi yekukwenyera pasimbi ino . . . ichiripo ipapo painokwenywa, inobvira.

181 Zvino kana kusimbiswa kwechokwadi, chaiko kweMagwaro eMharidzo ino yamazuva okupedzisira, uye woona Hupo hwaJesu Kristu, wawakanzwa zvaAkaita muhupenyu hwaKe, uye wonzwa Magwaro achiti “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi

nokusingaperi”; uye apo chinhanu cheSodhoma chave kuda kupiswa nehasha dzaMwari, kuona Jesu achidzoka pakati pevanhu vaKe, akaumbwa munyama yemunhu, uye nokuita chinhu chimwe chete chaAkaita. Ini zvangu! Zvinofanira kuendesa mweya yedu Mukubwinya! Zvinofanira kuita chimwe chinhu kwatiri. Sei? Zviri kudonhera pane izvozvo.

¹⁸² Makanzwa muBhaibheri zvaAkaita, kuti mudzimai akabata hanzu yaKe. Akatendeuka ndokumuudza zvaiva dambudziko rake, uye kutenda kwake kwakamupodza. Zvino, Akavimbisa kuti Aizoita chinhu chimwe chete ichocho zvakare, pedyo neapo nyika inenge yave kuda kupiswa, uye nyika inenge iri muchinhanu cheSodhoma. Testamende Itsva, Muporofita, Mwari-Muporofita, Muporofita wavaporofita, Mwari wavaporofita vose, huzaro weHumwari mumutumbi, Mwari we... achiratidzwa munyama, Musiki, wemunaGenesi. Hareruya! IShoko raKe! Akati zvaizoitika! Uye tinoona chinhanu cheSodhoma, tinoona nyika iri muchinhanu ichocho, zvino tinoMuona achidzika achiita chaizvo izvo zvaAkati Aizoita. Zvino, takanzwa nezvaKe, zvino tinoMuona! “Ndakanzwa nezveNyu nenzeve dzangu, zvino ndiri kuKuonai nemeso angu.” Amen! “Ndiri kuMuona nemeso angu.” Inofanira kunge iri awa yakadini! Inofanira kunge iri nguva yakadini! Kusimbiswa kweShoko raKe! Nguva dzose kana Shoko richisimbiswa, ndiMwari vari kutaura muShoko raVo, Vachizviita kuti vaoneke kuitira kuti ugone kuona.

¹⁸³ Zvino, hechinois pano chipfeve chabva mumugwagwa, chinowira paartari, pamberi paJesu, zvino ndokugeza tsoka dzaKe ne—nemisodzi, ne—nekudzipukuta nevhudzi rake. Mwari vakaremekedza, Vakati, “Kwese kuchaparidzwa Evhangeri iyi, itai kuti izvi zvitaurwe serangaridzo yake.” Sei? Tarirai kuti aive akasviba zvakadini, asi chimwe chinhu chakarova. Akaona Shoko revimbiso, kubva mubindu reEdheni, iyi, “mbeu yemudzimai ichakuvadza musoro wenyoka.” Akaona Mhesiya akanga azvarwa nemhandara.

¹⁸⁴ Akanzwa kuti aizozvarwa nemhandara, asi vakanzwa kuti Munhu wacho akanga ari panyika. Akanzwa kuti kwaiva naRabhi wechidiki, Muporofita, Uyo aipodza varvere. Akazvitenda izvozvo! Zvino heunoi achiuya achidzika nemugwagwa, achifamba-famba, achitarisa kwese-kwese. Zvino akatarisa necheuko ndokuona mabiko makuru akanga ari kuitwa. Akaverevedza ndokuenda pafenzi, ndokutarisa, zvino heunoi uYo. Heunoi uYo! Chimwe chinhu chakati, “Ndiye uYo!” Munoono, ndizvo zvoga zvaaida kuti afemerwe. Munoono zvakaitika? Akaona Shoko raMwari rakaitwa nyama. Akanga anzwa nenzeve yake, zvino akaona nemeso ake.

¹⁸⁵ Zvino, munhu wese anoziva kuti tine vimbiso yechinhanu chekereke, mumazuva ekupedzisira. Kereke, muchinhanu chayo chazvino, haikwanise kuzadzikisa mirairo yaMwari, kutumwa

kukuru, haikwanise zvachose kudanira Mwenga kunze. Ndeipi yaizviita? Mapentekosti? Handingadaro. Hapana panawo ose. Chikwande chiri pagorosi. Chakauya, chakanyatsofanana negorosi, asi hapana gorosi ipapo. Chinozaruka, asi tsanga inobuda kubva imomo. Vanoita sangano, vanoziuraya pachavo. Ndipo pavanofira. Ivo magunde. Asi gorosi rakauya neimomo, uye zvino rave kutanga kuumbika muchimiro cheMwenga. Tsanga yegorosi yakawira muvhu mumazera erima, yaifanira kufa.

¹⁸⁶ Mutsoropodzi uya aiti, “Ko sei Mwari wetsitsi, akagona kuzarura Gungwa Dzvuku, akamira achirega Makristu anonzwa urombo achidiyiwa neshumba, nokupiswa, nezvimwe zvole? Oogara, sokunge Aitoseka pamusoro pazvo!” Munhu asina chaanzvira anonzwa urombo! Haana here kuziva, “Kunze kwekunge tsanga yegorosi yawira muvhu”? Yaifanira kufa nemumazera aya erima, sezvakangoita chero tsanga yegorosi inofanira kuenda pasi pevhu zvino yovigwa, kuti igobereka mukuvandudzwa kwekutanga tsviri mbiri dzaLuther, dzinde. Yaifanira kuuya nemumaHwisiri, kunze uko, kuti iunze mukume, muchekechera, zera guru revamishinari. Yakatozouya nemuPentekosti, kuitira kudzoreredzwa kwezvipo, zvekupotsa yanyengera Vasanangurwa. Chinoratidzika setsanga yegorosi; chizarure, hamuna gorosi imomo zvachose, chinongori chikwande. Asi seri mukati imomo, zvino, vanotanga kugadzira sangano reoneness, sangano retrinity, sangano retwonest, nesangano rechurch of God, uye ose akagadzira masangano, zvino rufu chairwo! Uye zvino chii chinotika? Asi inzvimbo yekuchengetedza gorosi, ranga riri kukura nemachiri nguva yose.

¹⁸⁷ Zvino chave kutanga kusuduruka, gorosi rave kutanga kuoneka. Rino harisi zera rePentekosti. Rino izera rezuva rokupedzisira. Rino izera reMwenga. Chino ichi Chiedza chemadekwana. Ndipo apo Maraki 4 inofanira kuzadzikiswa, kutevera hurongwa hwaMwari. Iyi ndiRuka 17:30, ichazozadzikiswa. Ino ndiyo yechipiri... Uye Jeremia, nevamwe vole, kuti Joere akataura nezvemazuva ano, *rino* ndiro zuva racho. “Ndakanzwa, Ishe, uye Yakanga iri kuuya, asi zvino ndiri kuLona nemeso angu.”

¹⁸⁸ Kunyange vakawanda...vangani vatevedzeri venhema vangasimuka, anaJane nana Jambure nemasaramusi avo ose okuita zvole zvakaitwa naMosesi, hazvina kana kumbomuzunguza kana Aroni zvachose. Vaiziva paive... saJobho, vaiziva kuti Ndiyani kwaibva kufemerwa kwavo. Vaiziva kuti Yaive ZVANZI NAJEHOVHA! Uye Bhaibheri rimwe chete rakataura nezvavo, rakati, “Vachauya mumazuva okupedzisira, vatevedzeri.” Masangano aya ezvokunamata, chimwe chinhu pachakatanga...Ndiyani akatanga? Mosesi

kana ivo? Dai vari ivo vakatanga, Mosesi angadai ari iye mu—mutedzeri.

¹⁸⁹ Zvino tine mhando dzose dzevanzveri nezvimwe zvose zviri kuedza kukandira pfungwa dzenyu kubva pachinhu chechokwadi chaMwari, icho Mwari vakaratidza kuti ndecheChokwadi neGwaro raVo. “Takanzwa nezvaZvo nenzeve dzedu, zvino tiri kuzviona nemeso edu.” Ameni! Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nemoyo yedu yose! Kufemera! Uye nezva iro Mwanakomana wemunhu anenge ari kuzarurwa, Mwanakomana wemunhu, Jesu Kristu achiratidzwa pakati pevanzu vaKe.

¹⁹⁰ Mumwe Murume akafamba zasi uko pamberi paAbrahama neboka rake, achingoratidzika hake seMunhu wamazuva ose, aine guruva panguwo dzaKe. Akanga akafuratira tende, Akati, “Mudzimai wako Sara aripi?” (kwete S-a-r-a-i, S-a-r-a; A-b-r-a-h-a-m-a, kwete A-b-r-a-m). Akadana zita rake, ndokuti, “Ari kupi mudzimai?”

¹⁹¹ Ndokuti, “Ari mutende, shure kweNyu.”

¹⁹² Ndokuti, “Ndichakushanyirai panguva yeupenyu” (zvino mudzimai akasekera muchipfuva). Ndokuti, “Sei aseka?” (Uhuh). Zvino, Akavimbisa. Vanhu ava ndivo vacho vakanga vari kutarisira mwanakomana wevimbiso.

¹⁹³ Zvino, handina basa kuti vanhu vanoita zvakadini mumasanganano aya, kuti vari “kutarisira Kristu,” maitiro avo anoratidza kuti havasi. Ndizvozvo chaizvo. Maitiro ako anotaurea kuvinodatika mashoko ako. Zvose zvavari kungofunga nezvazvo kuita nhengo dzesanganano, asi pane vamwe vanhu, mumwe *pano neapo*, vari kutarisira Kuuya kwaShe. Vakatarisira... kunyange. Kune ivavo bedzi Achazvizarura pachaKe, ndivo bedzi vachanzwisisa.

¹⁹⁴ Vasanangurwa bedzi ndivo vakanzwisisa kuti Aiva Ani. Chingofungai, pane kuda vanhu mamiriyoni matatu, maJudha, panyika, pakanga pasina chikamu chimwe chete kubva muzvitatu chakamboziva kuti Aivepo kusvikira Akatouya nokuenda. Maona? Asi AkaZvizarura kune avo vaive vakamirira: Johane Mubhabhatidzi, ne—nevaapostora vakanga vadanwa naJohane, nevamwe vakadaro, naAna bofu aive mutemberi, Simioni muprisita uyo “zvakarurwa kwaari neMweya Mutsvene kuti aizoona Kristu.” Vose vava vakuru vezvekunamata, vadzidzi vebhaibheri nezvimwe, vari mapofu zvachose!

¹⁹⁵ Mvura inonaya inongogona bedzi kumeresa mbeu, ndokunge kana mbeu yacho yanga irimo nechekare. Uye sezvo wakanga uri chizenga muna baba vako kutanga, uye wakanga vasingakuzive, asi zvakadaro waiva muna baba vako. Asi kubudikidza nebindu rekudyarira raamai vako, wakararatidzwa uri mumufananidzo wavo, uye zvakadaro vakagona kutaura newe. Mwari, Mwari

Mukuru; kana uine Hupenyu Husingaperi, zvino chizenga cheHupenyu Husingaperi chaiva munaMwari pakutanga. Zvino wakanga uripo, wakanga uri mupfungwa dzaVo, zita rako nezvose. Uye iVo, nokufanoziva, vakakutemera kuti uone iZvi. Zvino imi makanga musina kutemerwa, hamufe makaZviona. Asi, rangarirai, nemuZita raIshe Jesu, “Nguva yave pano!” HamungaMutende here? Ipai hupenyu hwenyu kwaAri. Ndinofanira kumira, dzapfuura nine.

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹⁹⁶ “Ndakanzwa, Ishe, nezveNyu, zvino ndiri kuKuonai!” Ishe Jesu, ropafadzai vanhu ava pavakamirira.

¹⁹⁷ Zvino ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Ndinoda kutendera Mweya Mutsvene (ndinovimba kuti Achazviita) anzvere pfungwa dzenyu, akuedze, aedze munhu wako wemukati, uye nokuona kana uchinyatsotenda. Uye kana ukaona kuti pane kakupokana kaduku ipapo, ungasimudzawo here ruwoko rwako? Iti, “Ishe Jesu, regai ndiKuonei. Ndakanzwa nezveNyu, asi handisati ndambonyatsoKuonai. Regai ndiKuonei, ndichatenda.” Zvakanaka. Zvakanaka.

¹⁹⁸ Pane vamwe here vari pano vasingaMuzive seMuponesi wavo? Simudza ruwoko rwako, iti, “Kana... Ndi—ndiri mutadzi, asi kana ini... kana Muka—kana Mukangondirega ndichiKuonai, Ishe Jesu, kuratidza Shoko iri ravari kutaura nezvaro. Ndinoziva kuti ndiyo nzira Jobho akaKuonai. Ndinoziva kuti ndiyo nzira iyo Abrahamu akaKuonai. Ndinoziva kuti ndiyo nzira iyo vamwe vose vakaKuonai, nokuti rakanga riri Shoko reNyu rakavimbiswa raisimbiswa. Ndakanzwa zvinhu zvose zvakasiyana-siyana, nemasaramusi, nezvose, asi ndinonzwisisa kuti pane Mharidzo yezuva rokupedzisira iri munyika, yakataurwa neMutumwa parwizi, muna 1933. Ndakanzwa nezveshumiro dzekupodza dzakanga dzichiitwa, uye ndinoziva kana izvozvo zvoitika, haikwanise kugara mugwara rimwe chete resangano rakare.” Haina kutumirwa izvozvo, haina kumbobvira yagara imomo. [Chibenga patepi—Mupepeti.]...?...

¹⁹⁹ Ko dai Mosesi akauya, oti, “Ngativakei ngarava sezvakaita Noa, tofamba nepamusoro pemvura tichibuda muEgipita tichidzika nerwizi”? O, kwete. Maona? Kwete! Aiva neMharidzo yakabva kunaMwari, iye aive kuratidzwa kwacho. Muporofita achisvika panzvimbo, zvaifanira kunge zvakaratidza kuIsraeri pakare ipapo. Vakanga vasina kumbova nemuporofita kwemazana mana emakore, havana kumbova nemuporofita, zvino hepano muporofita anouya panzvimbo. Vaifanira kunge vakaziva kuti chimwe chinhu chava kuda kuitika.

²⁰⁰ Israeri zvakare yakanga isina kumbova nemuporofita kwemazana mana emakore, zvino hepano panouya Jesu panzvimbo. Zvino mudzimai patsime, akati, “Changamire,

ndinoona kuti Muri muporofita. Zvino, hatina kumbova nemumwe chete kwemazana mana emakore.” Nokuti, Aiziva zvaive mumoyo wemudzimai. Maona?

²⁰¹ Zvino, takavimbiswa zera rekereke nemuvavandudzi, uye takava navo. Asi Akavimbisa, muna Maraki 4, Aizochengeta hurongwa hwemaitiro Ake mumazuva okupedzisira, izvo zvaizoitika, “Kutendeutsa moyo yevana kudzokera paKutenda kwababa vechiapostora.” Kuitira chinangwa chimwe chete ichocho! Zvino kereke yakapamuka mumasangano nezvitendwa, yakanyatsobvaruka kuita zvimedu-zvimedu kusvikira yakafa; yakanga iri mutakuri. Uye zvino Akavimbisa, munguva yeMharidzo yemutumwa wechinomwe, Zvisimbiso Zvinomwe zvinozozarurwa; uye zvakavanzika zvaMwari zvinozoziviswa (Zvakazarurwa 10) apo mutumwa wechinomwe anotanga kuridza Mharidzo yake, kwete shumiro yekupodzwa, Mharidzo inotevera shumiro yekupodzwa.

²⁰² Jesu akanga ari “muchinda mukuru” chero bedzi Ainge ari kupodza varwere. Asi Akati apo, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe.”

²⁰³ “Huh-uh! Zvakatsveyama!”

²⁰⁴ Jobho akanga ari “mukuru,” kusvikira chimwe chinhu chakaitika kwaari. Maona? Zvagara zvakadaro.

²⁰⁵ Tenda! UnoMugamuchira here zvino? Simudza ruwoko rwako, uti, “NdinoMutenda. Ndinoda kuMugamuchira.” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka.

Zvino nyatsogarai makanyarara zvino monamata kwechinguva.

²⁰⁶ Mwari Vanodikanwa, munguva ino yakayereswa, ichave nguva yakafanana neino apo zvezmazvirokwazvo pachava nekurira kwekutinhira rimwe zuva, zvino Mwanakomana waMwari achaburuka kubva kumatenga nekudanidzira, neinzwi reMutumwa mukuru, nehvamanda yaMwari, vakafa munaKristu vachamuka. Uye mumwe nomumwe wedu anoziva uye tiri kucherechedza manheru ano, Baba, kuti tichapindurira shoko rose ratinopa, uye neshoko rose ratinotaura. Kunyange pfungwa dziri mumoyo yedu, tichadzipindurira. NdinoKukumbirai, Mwari, nemuZita raJesu, kuti mugochenesa moyo wose uri muno. Chenesai moyo wangu, chenesai moyo yevanhu ava. Uye dai tagadzirira, Ishe, uye dai meso edu emweya azaruka manheru ano kuti tione Kubwinya kwaMwari Samasimba. Takanzwa nezvaKe, O Mwari, Baba, tinonamata kuti Muchatiita kuti tiMuone. Zviitei, Baba. Ipai maropafadzo aya, ndanamata, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

²⁰⁷ Rangarira: Mumoyo mako, paugere ipapo, gadzira artari yako duku. Iti, “Ishe Jesu, uyai mumoyo mangu zvino. Ndipeiwo chimwe chinhu choku...chimwe chinhu chandingabatirira

pachiri. Regai ndinzwe kufemera kuya kunondiudza kuti iMi ‘muripo.’”

208 Zvino, chitaurwa chakadini chokuita kuvanhu! Chi—chinhu chakadini chokuita! Zvino ndave kuzokumbira Ishe Mwari, kumbira. . .

209 Vangani venyu vanотора matepi? Makanzwa iyo: *Inguvai, Madzichangamire?* Takaratidza here mamagazini nezvimwe, gore zvisati zvaitika? Sainzi iri kukatyamadzwa nazvo. Hepanoi paiva naIshe Jesu akapfeka korona uye akapfeka wigi chena iya sokuona kwamunoita muBhaibheri, munaZvakazarurwa 1, naDhanieri, Mutongi Wepamusorosoro weDenga nyenyika. Ipapo chaipo, apo sainzi isiri kugona kuZviona pachayo. Uye munzvimbo munoongororwa zvemuchadenga, kunze uko muUniversity of Arizona nezasi nemuMexico, vari kutsvaga, kubvira makore maviri apfuura. Uye ipapo makazviudza, zvakanga “zviri kuzoitika,” zvisati.

210 Ko kundengendeka kwepasi kwekuAlaska? Tarirai Hollywood ichiwira mugungwa! Tarirai mugoona kana zvikasadaro. Haasati ambondiudza chinhu chakatsveyama nazvino, ichatodaro. Maona? Uye tarirai mugoona kana tisiri kurarama munguva dzekupedzisira dzenhorondo. Hapana munhu anoziva nguva iyo yaAnouya. Asi ndinoziva chinhu chimwe chete: ndinotenda, muchinhanu chandiri iye zvino, kana ndiri mupfungwa dzangu dzakakwana, uye dai ndaingende ndisiri Mukristu, zvirokwazvo ndaingada kuva Mukristu chaye wemuBhaibheri, kwete wesangano. Usavimbe nokuti wakadanidzira. Tazvinzwa mangwanani ano, ndokuzviratidza neShoko raMwari; zvose hazvo zviri kunze kwekuda kwaMwari, hapana chazvakaita kunze kwekukonzera rufu. Usava mugunde, iva muHupenyu. Maona? Iva nokutenda munaMwari.

211 Munotenda here kuti Mwari iyeye akaita vimbiso iyi, uyo akaonekwa pachaKe, muBhuku raGenesi, uye ndokuzviratidza kuna Abrahamu ndokuita chishamiso chiya. . . Mwari mumwe chete akaitwa nyama, nyama yemunhu, akazvarwa nemhandara. Waive mutumbi weShoko ipapo, ndizvozvo, asi izvo paAkauya ari munyama yemunhu zvino uye aive Munhu mumwe chete, uye achiita zvinhu zvimwe chete, . . . Hamutende here kuti kana Mwari vakawana mumwe munhu, uyo vaVakavimbisa kuita zviri maererano naMaraki 4, nzira yaVanogona kutaura nemairi, Vanozoita chinhu chimwe chete chaVakati Vaizoita ipapo? Munozvitenda here izvozvo? Ndinotenda kuti Vanozviita, zvakare.

212 Unotenda here kuti unogona kuva nekutenda kwekubata hanzu yaKe, kutenda kwaKe kwekubata hanzu? Unotenda here kuti ipo pano zvino kuti chimwe chinhu chiri kutaura kumoyo wako chinokuudza kuti une kutenda kwekubata hanzu yaKe? Unotenda kuti unogona kuzviita? Iwe tambanudza ruwoko kumusoro uye u gobata nekutenda kwako zvino,

kwete nemanyawi, nekungotenda bedzi kwakachena, kusina kusvibiswa. Ingoti, “Ishe, ndinotenda. Ndinotenda nemoyo wangu wose. Ndinoda kuti iMi mundibate nokuti nda—ndakanzwa kuti Makazviita, zvino ndinoda kuzviona nemeso angu.”

213 Uye handikwanise kukubata. Zvinotora Mwari kuti vakubate. Unotenda here kuti Vachazviita? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

214 Ndakatarisa kumashure-shure kuruboshwe rwangu pano. Zviri kuita sokunge pane gwara, tingati, sokutaura kwandaita, riri kukakatira ikoko. Nokuti ndazvinangisa kudivi iro, zvino zvinouya zvinoshamisa. Mudzimai akagara apo nemurume wake. Haasi wemuno. Anobva kuTexas, Dallas. Ari kurwara, uyewo murume wake ari kurwara. Ari kurwara nezvakavhiringika, akambooparetwa. Ndizvozvo chaizvo. Murume wake anorwara nechimwe nemusana wake, dambudziko remusana. Baba namai Corbet, vekuTexas; Dallas, Texas. Kana zviri izvo, simudza ruwoko rwako. Ini haundizive. Ndizvo here? Hapana nzira panyika yokuti ini ndizvize. Chii? “Ndakanzwa nezveNyu nenzeve, iye zvino ndiri kuKuonai.” Munoona zvandiri kureva? Zvino bvunzai vaviri ava. Handina kumbovaona muhupenyu hwangu. “Ndakanzwa nezveNyu nenzeve, zvino ndiri kuKuonai neziso rangu.”

215 Kana ukagona kutenda, Mwari vanogona kupa zvauri kuda.

216 Murume uyo agere apo ane ruwoko rwake pachirebvu chake, neB.P. iyo yakakwira. Munotenda kuti Mwari vanokupodzai, changamire? Munodaro? Makagara neruwoko rwenyu *sezvizi*, munotenda kuti Mwari vanokupodzai B.P. iyo yakakwira? Simudzai ruwoko rwenyu, kana muchiZvitenda. Zvakanaka, Vanozviita. Handina kumboona murume wacho muhupenyu hwangu, hapana chandinoziva nezvake. Asi makanzwa kuti Jesu akati, muno muBhaibheri, kuti Aizoita zvinhu izvi, iye zino muri kuzviona! Muri kuona zvandiri kureva? “Kana ukagona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” Bedzi kune avo vanotenda! Zvinotora kutenda kwemazvirokwazvo, chaiko kuzviita. Asi kana ukagona kuZvitenda, Mwari vanozviita.

217 Pane mudzimai akagara kumashure-shure uko, akandatarisa, ane humbu muhuro yake.

218 Mudzimai agere padivi pachu, agere pedyo naye, kuti anzwisise, mudzimai uyo ane B.P., zvakare. Ndizvo chaizvo.

219 Mudzimai agere uyo anomutevera, ane da—dambudziko, zvakare. Uye haasi wemuno, anobva kuArkansas. Vari kuzvipotsa. Muzvare Phillips, tenda munaIshe Jesu Kristu uye ugopodzwa! UnoMutenda here? Nemoyo wako wese? Unozvigamuchira? Ndizvozvo. Zvadaro unogona kuva nazvo.

Zvino unoti, “Hazvinzwisisike.” Kwete! Kwete!

220 Jesu akati, “Zita rako ndiSimoni, uri mwanakomana waJonasi.” Ndizvozvo here?

221 “Ndakanzwa nezveNyu nenzeve, zvino ndiri kuKuonai neziso rangu.” Zvino hamuoni here zvaitika? Mumwe munhu akangogara apo, akatarisa, achitenda, achivimba, zvino pakarepakare hezvo zvabva zvaitika. Maona?

222 Wave kunzwa zviru nani, mwanakomana, manheru ano, kudarika zvawaive manheru apfuura? Wakagara pasi? Zvanaka zvino, uchapora (uh-huh). Akagara pano manheru apfuura, achizvirova mumusoro wake nezvimwe zvose; zvino, manheru ano, anoratidzika semurume kwaye. Maona? Anga akati vhiringikei zvisihoma pamusoro pezvinhu, asi zvose zvatwasanudzwa zvino. Maona? Zvichaita zakanaka. Maona? “Uye nezva iroro, Mwanakomana wemunhu ari kuzarurwa, munoono, apo Sodhoma yave pedyo nekupiswa.”

223 “Ndakanzwa nezveNyu nenzeve, zvino ndiri kuKuonai neziso rangu. Ndakanzwa Jesu Kristu achiti Akazvivimbisa, ndiri kuona vimbiso ichirarama iye zvino.” Maona? “Ndakanzwa nezveNyu nenzeve yangu, zvino ndiri kuMuona neziso rangu.” Vangani vanoZvitenda kuti ndiYe? (O Mwari!)

224 Zvino, tichiri pano...nguva yave kupera. Mangwana manheru tichava neshumiro huru yekupodzwa. Tiri kutarisira Hama Moore neni kumira pano tonamatira munhu wese anoda kuuya nemumutsara. Asi ndafunga kuti mukutaura izvi manheru ano, ndanga ndichazongodanira kuartari. Asi zvino ndazofunga, “kwete,” Yati ipapo, “Ndakanzwa nezveNyu nenzeve, zvino ndiri kuda kuKuonai neziso rangu.” Iye zvino Ave pano. Munozvitenda here?

225 Zvino ngatiisei mawoko edu mumwe pane mumwe. Zvino, rangarirai, mumwe chete Wacho akavimbisa kuti Achaita *izvi*, akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Akazvitaura here? Uri mutendi here? Iti, “Ameni.” Zvakanaka, saka, Mwari mumwe chete akaita vimbiso iyi yamaona Achiita iko zvino,...Bvunzai chero upi wevanhu ava, handina kumbovaona, hapana chandinoziva nezvavo. Handingambovaziva iye zvino, munoono, hazvikwanisike kuti ndidaro. Asi kuti Magwaro anofanira kuzadzikiswa! Zvakanaka, kana zvazadzikiswa, zvinoratidza kuti tiri munguva dzekupedzisira, tichaziva kuti Mwanakomana wemunhu agadzirira kuti ange...auye, nokuti Ari kuzvizarura pachaKe munyama yemunhu. Ndizvozvo here?

226 Zvadaro tinoziva kuti ichokwadi, uye unoti uri mutendi waKe, uye makaisa maoko enyu mumwe pane mumwe. Uye kana mawoko enyu akaiswa mumwe pane mumwe, Mwanakomana mumwe chete waMwari uyo ari pano kuita kuti *izvi* zviitike kumaziso enyu, Mwanakomana mumwe chete ari pano kuti ati, “Vachapora!” Mwanakomana mumwe chete waMwari!

“Ndakanzwa kuti Akati, ‘Kana vatendi vakaisa mawoko avo pamusoro, vachapora.’ Ndakazvinzwa nenzeve dzangu, zvino regai ndizvione nemaziso angu. Akavimbisa kuzviita.”

Zvino pandiri kunamata, imi namatai.

227 Ishe Jesu, nemuZita raIshe Mwari weKudenga, regai Mweya weNyu uwire mumoyo yevanhu ava; kuti kutenda kwechokwadi kwaMwari, kuchasimbisa vimbiso iyi kwavari. Uye dai Mwari weKudenga apodza mumwe nomumwe wavo, pavari kuteerera mirairo yeNyu vachiisa maoko mumwe pane mumwe. Ngazvive saizozvo, Ishe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti zvive saizvozvo, kuti Muwane mbiri.

228 Zvino, unotenda here kuti wawana zvawakumbira? Chimwe chinhu mumoyo mako chinokuudza here? Unonzwa here kachimu? Kaduku kekufemera, kanoti, “Handiti, zvapera! Zvaitika!”?

229 Murairo waMwari wakati tinogona kunzwa nenzeve yedu, zvino tinogona kuona neziso redu. Jobho akati, “Ndakanzwa nezveNyu nokunzwa nenzeve, asi zvino ndiri kuKuonai nemaziso angu.”

230 Zvino, wazvinzwa neShoko, nokunzwa Shoko, “Kutenda kunouya nokunzwa, kunzwa Shoko.” Zvino unoKuona kuchishanda, nemeso ako! Zvino, Mwari mumwe chete akataura izvozvo, apo zvinhu izvi zvainge zvichiitika, kuti “vatendi pane iZvi vachaisa mawoko avo pane vanorwara uye vachapora.” Zvino zvadonhera mumoyo mako here kuti “wapora”? Simudzai mawoko enyu kana zvaitika. Amen! Ndiko kupodzwa chaiko kwechiapostora. Munozvirevesa? Munozvitenda nemoyo wenyu wose? Hareruya! Ndizvo zvoga zvatinoda.

Ngatisimukei netsoka dzedu tigoMupa kurumbidzwa, zvino.

231 Maita, Ishe Jesu. Zita raShe ngariropafadzwe.

NdichaMurumbidza! NdichaMurumbidza!
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
MuMupe mbiri, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka dzvanga rose.

232 Zvino, munoMuda here? Zvino regai, tose pamwe chete, muMupe mbiri, imi vanhu vose. Zvino, tarirai, kana zvazarurwa kwauri naMwari, nenzira yawakaponeswa nayo, nzira imwe chete yakuudza kuti “wakaponeswa,” nzira imwe chete iyo Mwari vakafamba nemairi, sezvaVakaita nekunaJobho nevaporofta, Vafamba nemauro kubudikidza nenzira iyo seMukristu, nechizaruro chaKe chaMwari kuti “wapora,” zvararo hapana chinozvidzivisa kuti zvaisaitike.

Saka tinoMupa mbiri, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka rose...
(Kupokana kwese; rasuka kupokana kwese.)

NdichaMurumbidza! NdichaMurumbidza!
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
MuMupe mbiri, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka dzvanga rose.

233 O, hamuMude here? Ah, zvinoshamisa kwazvo. “Ndakanzwa nezveNyu, Ishe, nenzeve yangu, uye kutenda kunouya nokunzwa; asi zvino ndiri kuKuonai, Mwari achiZvizivisa pakati pevanhu vake sezvaAkaita kuna Abrahamama, nevimbiso yaKe pano kuti Mwanakomana wemunhu aizozvizarura pachaKe mumazuva apo nyika inenge yave muchinhano cheSodhoma.”

234 Zvino paiva nevatumwa vatatu vakaendako, vakaburuka kubva Kudenga.

235 Zvino pakanga paine rimwe boka resangano zasi muSodhoma, zvino mumwe Billy Graham nemumwe Oral Roberts vakadzika zasi ikoko. Uye rangarirai sokukuudzai kwandakaita, hapana pazviri munhorooondo yekereke pakwakambova nemutumwa akatumwa pasi rose kukereke, kusvikira zvino, ane zita rake rinoguma saAbrahamama, h-a-m. G-r-a-h-a-m, mavara matanhatu, kunyika, nhamba yemunhu.

236 Asi Abraham aiva nemavara manomwe muzita, nhamba yaMwari yokupedzisa nokukwaniswa. Maona?

237 Uye cherechedzai zvakaitwa nevatumwa vakaenda imomo: vakaparidza Shoko, ndokuvadanira kunze, ndokuvaudza kuti vatendeuke.

238 Asi uYo Akasara naAbrahamama, munoona, akaita chishamiso nokutaurira Abrahamama zvakanga zviru kuitwa pamwe nokufungwa naSara mutende yaive shure kwaKe. Uye Jesu, Uyo aive Iye wacho aive Mumunhu uyu, akati, “Kana nyika ichinge yapinda muchinhano cheSodhoma, sezvazvaive kareko, Mwanakomana wemunhu achazarurwa zvakare.” Uye mamwe ose Magwaro achisimbisa kuti ndizvozvo. Iwo. . . “Pakutanga kwaiva ne” [Ungano inoti, “Shoko,”—Mupepeti.] “uye Shoko raiva na” [“Mwari,”] “uye Shoko raiva” [“Mwari.”] “Uye Shoko rakaitwa nyama zvino ndokugara pakati pedu.” Ndizvozvo here? Zvino tinoona Shoko rimwe chete rakavimbiswa, raRuka, raMaraki, dzose dzimwe vimbiso idzi dzanhasi, dzichitwa nyama, dzichigara pakati pedu, idzo dzatakanzwa nenzeve dzedu; zvino tiri kuMuona (nemaziso edu) achidudzira Shoko raKe pachaKe, hatidi chero dudziro yemunhu. O Kereke yaMwari mupenyu, pano nepamafoni, kasikai kupepuka, nguva isati yaperai! Mwari vakuropafadzei.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Ndiye wakatanga kundida,
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

239 Mungafunge here, kereke, kuti makatarisa nemaziso enyu pachenyu. . . Shoko raMwari benyu richiratidzwa, vimbiso

yenguva, mumazuva okupedzisira, makatarisa nemaziso enyu paShoko benyu richidudzirwa riri muchimiro chepanyama, Mwari pakati pedu! “Ndiri kuMuona nemaziso angu, iYe... Ndakanzwa kuti Aizozviita.” Vose vatana vakare vakanga vachitsvaga zuva rino, zvino tinoZviona zvichiratidzwa neziso redu pachedu. Vangani maMethodisti vakare vaidanidzira, maBaptisti, nemapentekosti chaiwo, emazvirokwazvo muzera ravo, vakashuvira kuona izvi zvichiitika! Vazhinji vavo vaiziva kuti zvaizoitika. Asi tinomira manheru ano tichizviona zvichiitika! O! HaMumude here?

²⁴⁰ Zvino, Jesu akati, “Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muchidanana.” Saka sokuMuda kwatinoita, ngatikwazisanei nemawoko toimba *NdichaMurumbidza! NdichaMurumbidza! Zvakanaka.*

NdichaMurumbidza! NdichaMurumbidza!
O rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
MuMupe mbiri, mose... (Makadini?)... vanhu
Nokuti Ropa raKe rakasuka dzvanga rose.

²⁴¹ Ko mambokadzi waBheteshazari akati kudini pamberi pamambo usiku huya? “Pane munhu muhumambo hwenyu anonyungudutsa kupokana.” Zvino Mweya Mutsvene, manheru ano, ndiye Munyungudutsi wekupokana! Munozvitenda here? (Chii chaanoda? O, zvakanaka.) Munyungudutsi wekupokana! Zvino, Ropa raKristu rinobvisa dzvanga rose, dzvanga rekupokana. Hapana chivi chikuru panyika chinodarika kusatenda, “Nokuti uyo asingatendi, akatotongwa kare!” Ndizvozvo here? “Uyo asingatendi akatotongwa.” Panongori nechivi chimwe chete, ndiko kusatenda. Kuputa fodya hachisi chivi, kutuka hachisi chivi, kuita choupombwe hachisi chivi, kunyepa hachisi chivi; hachisi chivi, ndizvo zvibereko zvekusatenda. Kusatenda! Unozviita nokuti hautendi. Kana uchiZvitenda, hauzviiti.

²⁴² O! O! Chii... Zvinoshamisa! Uye Ropa reGwayana rasuka kupokana kwese. Tinotenda Shoko raKe, zvachose. Tinotenda kuti Shoko rakaitwa nyama. Uye tinotenda kuti Shoko *riri* kuitwa nyama nokusimbiswa kweHupo hwaKe zvino kuti zvisimbise Shoko raKe. Munozvitenda here? Mwari vakuropafadzei.

²⁴³ Tine tariro yekukuonai pano mangwanani, panguva huru munaShe. Kotamisai misoro yenyu zvino, zvino ndinopa shumiro kuna Hama Lindsay.



NDAKAMBONZWA ASI ZVINO NDAONA SHO65-1127E
(I Have Heard But Now I See)

Mharidzo iyi naHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, 27 Mbudzi, 1965, paLife Tabhenakeri muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2016 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org